

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Menak Cina 1

R. Ng. Yasadipura I



Direktorat
Kebudayaan

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

TANGGAL	NO. IDENTIFIKASI
28 AUG 1984	1186

PPS/Jw/13/81

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan

MENAK CINA 1

Oleh
R. NG. YASADIPURA I

Alih aksara: Drs. Sudibjo ZH.
Alih bahasa: R. Soeparmo



Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta 1982

**Diterbitkan seizin PN Balai Pustaka
BP No. 1146
Hak pengarang dilindungi undang-undang**

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalan karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalan sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seiring dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari PN Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

ISI NIPUN

1. Dewi Adaninggar kaarih-arih ing Rama Ibu	13
2. Putri Cina badhe nginggah-inggahi ing Menak Jayeng- murti	22
3. Badhe Bidhalipun Putri Cina	32
4. Menak Jayengmurti perang kaliyan Raja Kemar	41
5. Dewi Kisbandiyah, Rayi Raja Kemar, kagarwa Menak Jayengmurti	48
6. Prabu Nusirwan anyaraya Ra tu ing Yujana	55
7. Menak Jayengmurti nglurug dhateng ing Yujana	65
8. Putri Cina damel pasanggrahan	73
9. Amir Jes dipunwedhari wawadosipun Putri Cina	82
10. Prabu Kewusnendar tampi serat panan tang	91
11. Nata ing kandhabumi mengsah Raja ing sidanti	100
12. Putri Cina pasang gelar	108
13. Marmaya Kautus mundhut Raja Kaputren	116
14. Marmaya ngaturaken Raja Kaputren	121

KATA PENDAHULUAN

Di dalam cerita Menak terdapat episode yang disebut Menak Cina; dan buku seri Menak Cina ini terdiri dari lima jilid. Di dalam episode Menak Cina diceritakan bahwa usia Sang Menak Jayengrana telah setengah baya, namun kelihatan masih tampan, gagah, tetap jaya dalam peperangan, dan dengan para raja taklukannya telah berkedudukan di Negara Kuperman. Dan negara ini makin menjadi besar, jajahannya makin menjadi luas, dan rakyatnya merasa tentram aman, dan sejahtera.

Cerita mengenai Putri Cina dimulai dengan keinginan sang putri yang bernama Dewi Adaninggar, putri seorang raja yang berkuasa di Negara Cina, untuk mengabdikan dan menjadi istri Sang Agung Menak Jayengrana. Sang putri telah memperoleh berita-berita dari para pedagang Cina yang sering berlayar pulang balik sampai di Negara Kuperman.

Berita menceritakan betapa sejahtera rakyat Kuperman dan betapa luhur budi Sang Agung yang berkuasa di negara tersebut.

Atas dasar berita-berita itulah Dewi Adaninggar berhasrat untuk melamar menjadi istri Sang Agung Menak.

Namun bagaimana sekarang caranya agar hasrat dan keinginan sang putri dapat dipenuhi? Jalan yang sepantasnya tidak dapat ditemukan, hingga sang putri jatuh sakit dan sangat menderita. Dan akhirnya, setelah ayah dan bundanya mengetahui sebab-musabab penyakit putri kesayangannya, walaupun dengan sangat berat hati, mereka mengizinkan Dewi Adaninggar pergi menyusul Sang Agung Menak, dengan dibawai serta para emban pengasuhnya, bahkan juga patih Negara Cina bersama para wadya bala secukupnya, dan dibekali dengan sangat banyak harta benda serta segala jenis batu permata kekayaan Negara Cina.

Persiapan lengkap untuk bepergian jauh dilakukan, kapal-kapal layar disiagakan, perbekalan yang serba cukup akhirnya dimuatkan ke dalam kapal-kapal yang akan berlayar, dan De-

wi Adaninggar berpamitan kepada ayah bundanya, dan sudah barang tentu dibekali pula dengan pesan-pesan serta nasehat-nasehat seperlunya.

Kerelaan hati ayah serta bundanya melepas putrinya untuk melamar Sang Agung Menak, walau dengan hati berat, terutama berdasarkan keyakinan mereka bahwa putrinya tahu apa yang harus dilakukan di rantau nanti. Bukankah Dewi Adaninggar itu di samping putri yang cantik-elok dan rupawan, juga seorang prajurit yang sangat sakti, dan dapat benar-benar diandalkan dalam peperangan. Telah banyak negara yang ditaklukkan, dan para rajanya tunduk menjadi raja bawahan Negara Cina, hingga nama Dewi Adaninggar menjadi sangat termasyhur sampai jauh di luar negaranya.

Sewaktu Dewi Adaninggar beserta para wadyanya berlayar untuk menyusul yang akan dilamar, di tengah perjalanan mereka itu sebenarnya sudah mendapat pertanda, agar sebaiknya tidak meneruskan perjalanan saja. Angin taufan hebat melanda armada yang sedang berlayar, dan banyak menyebabkan kematian wadya bala serta kerusakan kapal. Ikan-ikan paus yang sangat besar menghalang-halangi perjalanan mereka, seakan-akan menyuruh mereka kembali pulang. Namun karena kekerasan hati dan kesaktian sang putri Cina, kesulitan dapat diatasi, walaupun dengan susah payah, dan pelayaran dapat dilanjutkan. Di dalam seri Menak Cina ini tidak hanya diceritakan perjalanan Sang Dewi Adaninggar untuk melamar Sang Agung Menak dengan segala pengalaman yang ditemui serta hasil perjalanan melamar itu, melainkan banyak juga dikisahkan peperangan Sang Agung Menak dengan negara-negara lain, dan dengan sendirinya juga yang ada hubungannya dengan lamaran putri Cina.

Ketika Dewi Adaninggar berlayar hendak menuju Negara Kuparman, diperoleh berita bahwa Sang Menak sedang mengadakan peperangan dengan Negara Kuari, karena rajanya dimintai bantuan Raja Nusyirwan dari Negara Medayin untuk mengalahkan Sang Agung Menak. Negara Kuari dapat ditaklukkan, rajanya yang bernama Prabu Kemar tunduk dan bersedia ber-

alih agama, dan karenanya diampuni dan tetap sebagai raja negara Kuari; dan Dewi Kisbandiah, adik Raja Kemar, diperistri Sang Agung Menak. Raja Medayin, Prabu Nusyirwan, yang melihat usahanya gagal, tergesa-gesa meninggalkan Negara Kuari dan akhirnya melarikan diri dengan para wadyanya ke Negara Yujana; Raja di negara itu bersedia membantu Prabu Nusyirwan untuk mengalahkan Sang Agung Menak.

Raja Negara Yujana yang bernama Prabu Kewusnendar, adalah seorang raja yang sakti dan gagah berani, namun akhirnya Negara Yujana dapat ditaklukkan. Sang Raja tunduk kepada Sang Agung Menak, bersedia beralih agama, dan ditetapkan kembali sebagai raja di Negara Yujana, akan tetapi peristiwa ini baru nanti dikisahkan dalam jilid kedua.

Sementara itu Dewi Adaningsgar, setelah mendengar bahwa Sang Agung Menak sedang berperang di Negara Kuari, memerintahkan armadanya, tidak jadi ke Negara Kuperman, melainkan mengubah haluannya menuju ke Negara Kuari.

Akan tetapi, setibanya di Negara Kuari, sang putri mendengar berita lagi bahwa Sang Menak telah lama berangkat ke Negara Yujana, untuk memerangi Sang Kewusnendar yang telah memberikan perlindungan kepada Prabu Nusyirwan. Dan akhirnya armada Cina sampai juga di Negara Yujana. Mereka kemudian mendirikan pasanggrahan di luar kota, dan putri Cina mulai memikir-mikir apa yang harus diperbuat sekarang. Sebab diperoleh berita pula bahwa Sang Agung Menak itu, bila sedang mengadakan peperangan, yang menjadi pusat pemikirannya hanya soal-soal yang mengenai perang saja. Soal-soal yang lain sama sekali tidak dipikirkan, apalagi soal wanita, itu baru nanti setelah perang selesai.

Maka itu sang putri Cina lalu membuat siasat. Ia pura-pura melamar Sang Raja Medayin dengan syarat, Sang Menak harus ditewaskan dulu. Maksud putri Cina dalam perang melawan Sang Agung Menak, Raja Medayin pasti akan kalah, dan setelah perang usai nanti, dia akan menghaturkan surat yang sebenarnya kepada Sang Agung Menak.

Menerima surat lamaran dari putri Cina, Prabu Nusyirwan

merasa heran, tetapi juga sangat bangga, dan dengan senang hati menerima lamaran tersebut.

Dan sebagai bawaan kepada putri Cina, sang raja ingin memberikan seperangkat lengkap pakaian putri raja yang indah-indeh. Untuk itu patih Medayin yang bernama Patih Bestak di-suruh meminjam salah satu perangkat pakaian raja putri dari permaisuri Sang Agung Menak. Permintaan diperkenankan, bahkan pakaian yang diminta itu akan diantarkan. Dan untuk memenuhi permintaan Prabu Nusyirwan, menyuruh Ki Raden Umarmaya mengambil dua perangkat pakaian raja putri milik permaisurinya yang bernama Sudarawerti dari Parangakik dan Dewi Sirtu Pelaheli dari Karsinah. Dan Ki Raden Umarmaya pula yang diminta untuk menghantar pakaian raja putri yang serba indah itu kepada Sang Prabu Nusyirwan yang ingin hendak memperistri putri Cina.

Ini terjadi sebelum Negara Yujana ditaklukkan, dan Prabu Kewusnendar bersama wadyanya tunduk kepada Sang Agung Jayengrana.

1. DEWI ADANINGGAR KAARIH-ARIH ING RAMA IBU

SINOM

1. Tur sembah sira nangkoda
jalwestri sareng umijil
sang retna sigra tumedhak
geyongan cethine kalih
kondur sang rajaputri
sapraptaning puranipun
lajeng mujung anendra
sangsaya wuwuh wiyadi
saking nyata wartane nagri Kugarman.
2. Mangkana sang retnaning dyah
sampun jangkep kalih sisi
denira nahen sungkawa
atilar nadhah lan guling
emban kalawan cethi
samyā maras manahipun
ajrih lamun matura
mring kang rama sri bupati
yen kang putra kandhahan lara asmara.
3. Mangkana sampun miyarsa
kang rama sri narapati
lamun kang putra sungkawa
lami tan nadhah aguling
wau ta prameswari
kang ingutus sang aprabu
mring daleme kang putra
kapanggih sang rajaputri
maksih mujung kang ibu prapta tan tedhak.
4. Winungu mring ibunira
kagyat sang retnaning puri

denira wungu gumregah
kang ibu mulat ing siwi
kadya grah tigang warsi
risake sariranipun
kang ibu njrit karuna
angrangkul putra sang putri
dhuh sutengong Adaninggar ana paran.

5. Rusak temen angganira
pagene tan matur gusti
mring ramanira sang nata
apa dadi tyasireki
lamun sira tan wani
matur marang wong tuwamu
ingsun sira kongkona
atur uninga sang aji
apa ingkang dadi rasane tyasira.
6. Kang putra kendel kewala
waspanira adres mijil
kang ibu tansah nrerepa
dhuh wode tyasingsun gusti
paran kang dadi galih
ing rusake sariramu
payo nimas matura
kang putra datan nauri
senggruk-senggruk kang retna eca karuna.
7. Adangu tan sinauran
kang ibu denira mindi
kang putra pijer karuna
prameswari ling ing cethi.
matura mring sang aji
lamun putrane mangun kung
rusake kang sarira
lir wong gerah tigang warsi
sun takoni sakecap pan nora jarwa.

8. Manawa sri naranata
tedhaka denbelakani
pawongan tur sembah mesat
prapta ing ngarsa sang aji
aturing prameswari
sadaya pan sampun katur
gupuh tedhak sang nata
ing kaputren sampun prapti
prameswari mingser methuk sri narendra.
9. Kang putra nungkemi pada
ingaras embunireki
aduh putraningsun nyawa
apa dadi tyasireki
jarwaa marang mami
apa ingkang sira jaluk
mundhuta gunung sotya
gunung mirah lan widuri
nora kurang nagaranira ing Cina.
10. Kang ana pitambahana
kang nora ana ta gusti
nanging sira aranana
kurange dunya jro puri
dolen sarira mami
lan sarirane ibumu
nanging sira tulusa
enake tyasira gusti
suka aneng pagadhen datan gumiwang.
11. Myarsa andikaning rama
Retna Daninggar sru anjrit
sakecap pan nora jarwa
kang rama ngandika malih
kaku tyasingsun gusti
sira tanjarwa maring sun
apa ta arsa krama

satriya ratu ing ngendi
apan sakeh kang anglamar marang sira.

12. Kang putra pijer karuna
kang rama ngandika malih
pilihèn kang para raja
endi kang sira senengi
karyanen awakmami
saserama sun anunggu
kurange beyanira
nagara ing Cina iki
lah karyanen totombok nggonira krama.
13. Kang putra meksa tan jarwa
saya sru denira nangis
kang rama ngandikeng emban
apa pangrungunireki
rentenge putra mami
matur emban Siwangsiwung
inggih putra paduka
nimbali nangkoda Bing Sing
anyar prapta saking nagari Kuparman.
14. Neng Kuparman pitung wulan
dagang pun nangkoda Bing Sing
kang dinangu solah tingkah
inggih Kuparman nagari
asrine kithaneki
wawangunane pinunjul
miwah ta kang kukutha
pan dede trah Kuparmani
Satriya Di Kalana Surayengjagad.
15. Kawijilaning satriya
saking ing Arab nagari
angadhaton ing Kuparman
nagari denbusanani
tuhu wong agung luwih

ababala para ratu
balane lir samodra
Wong Agung Surayengbumi
bumipala pilih kang tan ngestu pada.

16. Pan kasub kaonang-onang
sinembah para narpati
Kalana Surayaningrat
widigdaya ing ngajurit
prawira tanpa tandhing
madra prakosa dibyanung
surayadi ning kanang
mangun sarjananing bumi
tanpa wilis wadyane kang para raja.
17. Binekta marang Kuparman
saguning wadya para ji
akadhaton sowang-sowang
sakehing para narpati
arjane prajaneki
datan wonten timbangipun
miwah kang darbe kitha
Wong Agungipun apekik
wingit manis arereh lila ing donya.
18. Santa budya reh pinudya
tyase angambar ngasturi
alus pamulu santosa
atambuh kalis ing pokil
noraga tan sinandi
nging sampun satengah sepuh
kang wayah madeg nata
aneng ing Kaos nagari
kang paparab Raja Sayid Ibnu Ngumar.
19. Punika sawedalira
inggih pun nangkoda Bing Sing
putra paduka sungkawa

tilar nadhah lawan guling
kasabet ing wiyadi
rajeng Cina duk angrungu
gumujeng suka-suka
nora kaya sira nini
baya saking gedhene tyasira nyawa.

20. Kasmaran dening pawarta
Wong Agung Surayengbumi
angalem legining gula
mangsa ana animbangi
ratu isining bumi
tan ana kang kaya iku
prawira mandraguna
babala para narpati
apan padha boboyongane sadaya.
21. Bener nini ciptanira
kalakona iku yekti
amuktekaken ing bapa
miwah ibunira gusti
gampang yen dentingali
kaya ngapa marganipun
angele linampahan
ika gedhe ingsun cilik
jarumane tingkah polahe kayapa.
22. Yen ingsun robana donya
brana ing Cina sunkerig
Kuparman enggoning donya
pira pira kang para ji
ngaturken bulubekti
mas retna sosotya agung
yen sunrobana bala
wong Cina uyah upami
mung sakoyan wong Kuparman
lir samodra.

23. Sayekti datan karasa
iya saking kehing dasih
pan raja mahraja raja
balane kadya jaladri
wutah ngebeki bumi
kayaparan solahingsun
kang kinarya sarana
mrih pikena satmateki
raja peni Cina Kuparman wus kathah.
24. Dadi cocak nguntal cangak
paran ta enggone mancing
kedhawa nguntal garudha
memeri anocor sapi
sayekti tuwas sakit
sapi cinocor tan kolu
ewuhe atiningwang
yen anaa dadi margi
kang nyebakna mring Wong Agung Kakungingrat.
- 25, Dendola sariraningwang
prameswari anambungi
gusti iku ramanira
kewuhan kang dadi margi
sang putri njrit anangis
dhuh ibu sariraningsun
wurunga ngestupada
mring sang Surayaning-bumi
rama prabu suntedha nguntapna pejah.
26. Kang ibu anjrit karuna
katuwone sira gusti
lagi ana senengira
kalangan kewuhan margi
sang nata ngandika ris
den aririh yayi iku
pan ana dayaningwang

sutra Cina kang linuwih
nggonanggone kabeh prajurit Kupaerman.

27. Pramèswari matur nembah
ing raka sri narapati
inggih ta kadi punapa
putranta alah ngemasi
katempuh wirang isin
wus bubuhane wong sepuh
sang nata paparentah
marang rekyana apatih
angumpulna salembuting sutra Cina.
28. Lan kinen saos baita
sawidak kang palwa keci
rong atus baita wangkang
kang amot sang rajaputri
lan sawadya prajurit
pitung leksa badhenipun
rumeksa putriningwang
telung ewu kang pawestri
kang kajaba balane mantri punggawa.
29. Miwah wadyaning pangarsa
balane rekyana patih
kang kinen among ing lampah
amugareni sang putri
kabeh denparentahi
sanega kaprabonipun
palwaning pra dipatya
pitung atus winitawis
baiteng jro keci rong atus sawidak.
30. Ngandika sri naranata
iya nyawa denaririh
karsanta mangsa wurunga
ngulati pikir kang becik
lawan dina respati

nanging sira putraningsun
luwara brangtanira
prandene tan wurung gusti
ngater marang Kupaerman angraras driya.

2. PUTRI CINA BADHE NGINGGAH-INGGAHI MENAK JAYENGMURTI

MIJIL

1. Sigra kondur wau sri bupati
tumameng kadhaton
datan kantun lan prameswarine
kang tinilar wau rajaputri
sangsaya wiyadi
wuwuh amangun kung.
2. mBok kang rama tan yekti ing galih
ngecani kemawon
marma maksih wuyungan batine
dereng antuk nadhah lawan guling
tyasnya milangoni
lengleng mangu-mangu.
3. Kang kacipta mung sang Jayengmurti
cumanthel ing panon
gumarit ing iga wekasane
tumemplok aneng walikat kering
anggubed ing galih
tumancep jajantung.
4. Yen arsa sare sang rajaputri
katon neng popojok
ngungak-ungak amingkis samire
julalatan gumregah sang putri
emban lawan cethi
neng jaba dinangu.
5. Gustimu mau biyang neng ngendi
sawene neng pojok
nggugah ingsun dene nora suwe
sun tengeni tan ana kaeksi

singidan mring ngendi
baya neng sor kasur.

6. Kasurira gya denwolak-walik
dene nora katon
baya ana ngendi panggonane
denbalengkrah kang guling tan keksi
nyalimpet mring ngendi
baya karang ulu.
7. Bantalira sigra denbuwangi
samy a tibeng gebyog
ting palesat umatur embane
gusti wau wonten kucing gandhik
dede Jayengmurti
angger mbok kaliru.
8. Retna Adaninggar alon angling
sira iku goroh
yen kucing a tan ana swarane
pan Wong Agung Kupa rman kang prapti
andikane aris
wungua riningsun.
9. Ingsun ari Menak Jayengmurti
praptaku titinjo
pan mangkono mau timbalane
praptaningsun tan anggawa dasih
mung badan pribadi
kangen ing sireku.
10. Cethi matur gusti amung kucing
dangu meyong-meyong
samy a muntel neng gubah enggone
boten wonten Menak Jayengmurti
sang putri awengis
menenga si kepruk.
11. Apa kupingmu jinara arit

disudhet marodhol
kalingan godhong gambir matane
kuping tuli si digejoh lembing
amawanti-wanti
kongsi ajur mumur.

12. Kancanipun anjawil anjiwit
wis menenga babo
tan rinasa maksih angetepres
kula gusti sasonten tan guling
tan wonten wong uwing
Menak Jayengsatru.
13. Yen praptaa kawula udani
amung kucing roro
sang retna yu saya sru dukane
tiwas temen wong mangkene iki
wetokna den aglis
nora sudi tengsun.
14. Ngabdekena jampeng mata genjik
wonten mban wotsinom
kadi leres angger pandulune
kula wau sakedhap ningali
kumlebat neng jawi
kadi ta Wong Agung.
15. Yen kucinga apan andhap alit
garemenge uwong
nanging mangke wikana puruge
wonten pakiwan inggih manawi
pan umpetan ajrih
konangan duk wau.
16. Retna dewi mocot ali-ali
intene rong jodho
enya biyang ali-ali kiye
sunganjarken marang sira ugi

sakembaran iki
regane rong ewu.

17. Lawan mirahe iku sasupit
jumerut sajodho
patang atus pan iku regane
mesakaken wus tuwa sireki
turunena iki
mring anak putumu.
18. Lawan mori pitung kayuh iki
keton patang kanthong
patang atus keton sakanthonge
manjing limang atus keton siji
apan ingsun bibi
welasan kalangkung.
19. Wong wis tuwa ngadhep rina wengi
sayektine repot
asebaa let sapasar bae
wis muliya biyang sunlilani
pawongan wotsari
mbentoyong amanggul.
20. Pan mangkono rakiting ngaurip
sabarang wiraos
lamun durung weruh wekasane
aja nuli jebal jebul mijil
wiweka denngenting
rusak wong amuwus.
21. Bara bara nibani bilai
nora wruh pakewoh
temah rusak badan saking lambe
lambe ala anggawa bilai
lamun lambe becik
anggawa rahayu.
22. Lawan tindak iku mbabayani

timbangane cocot
badan iki apan darma bae
kang aran wong iya lambe ugi
ati anekseni
lathi nggoning jebul.

23. Padha ngucap ana kang marengi
kang nora nyak-enyok
mung rong kecap akeh pakantuke
wong nimbangi tanduk yen patitis
kang kadya mbok cethi
antuk pitung ewu.
24. Lambe mamak anggawa bilai
gugup selak miyos
ngodhal-adhil sawetu-wetune
setan katon tan kena sinandhing
tan wurung nulari
karusakanipun.
25. Den empera kang kaya mbok cethi
patitis wiraos
kang winawas iku sungapane
nora lanas ayem ngirih-irih
yen durung ntuk pikir
meneng tanpa muwus.
26. Barang prakara ayem aririh
kang dadi wawaton
utama kang mantep ing batine
nora benggang lan kang Among Urip
arang wong bilai
yen awas ing tanduk.
27. Kang angrusak ing badanireki
wong kagedhen angkoh
nora nganggo denrakit batine
saking lanas wus kalebon iblis

setan nggawa dhingklik
lengus nora urus.

28. Wau Retna Adaninggar maksih
denya geng wirangrong
rangu-rangu tilar dhahar sare
kang cinipta ing siyang myang latri
mung sang Jayengmurti
kang kapareng dunung.
29. Cecengklungan aneng tepas wangi
dhuh lae wakingong
kayaparan ing tembe dadine
pulo tampingan Bangawan Mesir
kang Kali Maryanil
ingsun ngalup-alup.
30. Kutha gedhe sawetan Mahribi
kadya ge wakingong
denrungruma mring Wong Agung kae
sagara sawetaning Surati
andina sunincih
katemuwa mbesuk.
31. Nagri kulon Ngarab nggen prajurit
babo awakingong
mangkeneya bae lalabane
wurung panggih sida angemasi
tan estu anyethi
yekti raganingsun.
32. Nagara gung genggeng kadi langit
amencil tan adoh
yen ngantiya lami papanggile
datan wande nguntal darubesi
praja kulon Mesir
kang sunayun-ayun.

33. Cuwa gombak mbesuk sunkauli
sang Jayengpalugon
yen panggiya sunkekepe bae
neng tilam rum antuka sawarsi
puputraa lagi
umure sataun.
34. Kasundhulan mbobot wolung sasi
sawarsa meh pindho
aneh temen wong Kugarman kiye
lagi nyapeh banjur anusoni
babayi nem sasi
mbobot tigang tengsu.
35. Wau cehti kang badhe umiring
wus tampi pasangon
tigang atus keton wong sijine
tigang ewu parekan pra cethi
poponjennya tunggil
warata wongipun.
36. Wonten caraka saking Rama Ji
nimbali sang sinom
sigra sigra sang retna lampaha
anrangkul cethi ing kanan kering
prapteng ibuneki
kang putra rinangkul.
37. Adhuh gusti woding tyas nakmami
ingsun ater mayo
sira ngandikan ramanira ngger
gya kinanthi marang ibu sori
wus prapta ing ngarsi
kang rama lingnya rum.
38. mBesuk dina Respati nakmami
si Apatih bodhol
kang umiring rumeksa sirangger

- ingsun lagi angrungu pawarti
ing Kuparman sepi
Wong Agung anglurug.
39. Budhal marang nagara Kuwari
sang Jayengpalugon
katujune laku durung kasep
layarane wus perak Kuwari
pan anjujug nini
bener saking Nanggur.
40. Nuli anjog Pamengkang Andeling
ambener mangulon
sadina rada mingel mangalor
ngulon maning anjog ing Kuwari
apan si Apatih
margane tan pandung.
41. Pan wus tate ngliwati Kuwari
kalane sunkongkon
marang Mukub kono dadalane
sira nini sungawani dasih
pitung leksa gusti
lawan tigang ewu.
42. Lan tigang ewu parekan cethi
liya kang samono
kabeh iku apan ngater bae
ulihe bareng lan si Apatih
na pitung kethi
kang ngater sireku.
- 43; Pitung leksa pitung ewu pasthi
unkarya totombok
iku nini wong tutukon kabeh
punggawane minangka ngembani
pan mung papat gusti
ababala nyewu.

44. Uwong iku ingsun kang maringi
padha wong tutukon
iya dadi gagawanmu kabeh
pitung leksa telung ewu pasthi
tugur siyang latri
marang ing sireku.
45. Lawan barana kang adi-adi
iya kang pitung jong
abrag-abrag satus keci kehe
guru bakal miwah guru dadi
kang pitung jong gusti
mirah sosotya gung.
46. Sajinise kang padha di-adi
kalebu pitung jong
ana sewu kethi pangajine
kang rong atus keci iku gusti
sewu yuta pasthi
pan pangajinipun.
47. Dene nini sira suntuturi
prakara kang abot
rong prakara gedhening panggawe
ing kang dhingin parentah narpati
kapindho ngakrami
padha abotipun.
48. Yen tiwasa wenang mbilaeni
panggawe kang loro
padha lawan wong ngguguru lire
kang meruhken salameting pati
ratu lawan laki
padha tindakipun.
49. Wadya iki pan haking narpati
wadon haking bojo
pan kuwasa barang pratikele

aniasat miwah anatrapi
sapratingkahneki
luput wenang ngukum.

50. Sapolahe yen wong amrih becik
den padha karaos
ponponane kapoka ing tembe
nora kena anak lawan rabi
luput ngapureki
tan wurung anempuh.

51. Amung bala wenang ngapureki
polahe kang awon
beda anak rabi wekasane
pan mangkono nini wong akrami
apaitan eling
amrih asmara kung.

3. BADHE BIDHALIPUN PUTRI CINA

ASMARADANA

1. Prati kele wong akrami
dudu brana dudu warna
amung ati paitane
luput pisan kena pisan
yen gampang luwih gampang
yen angel angel kalangkung
tan kena tinambak arta.
2. Tan kena tinambak warni
paugerane wong krama
amung eling paitane
eling kawiseseng priya
tan kenaa sembrana
kurang titi kurang emut
yeku luput ngambra-ambra.
3. Wong lali rehing akrami
pan kurang titi ngagesang
wus wenang ingaran pedhot
titi iku katemenan
tumencep aneng manah
yen wong ilang temenipun
ilang namaning akrama.
4. Iku nini denaeling
apan jenenging wanodya
amung temen dadanane
lamun kareh marang priya
eling marang parentah
nastiti wus duwekipun
yen ilang titine liwar.
5. Pedhot liwaring pawestri
apan dudu wong anjina

wong kang ilang nastitine
wong pedhot dheradhat bedhat
kendhali kang denmamah
pratandhane nora emut
yen laki paitan manah.

6. Pratandhane nora emut
lali lamun kawisesa
ing priya jenenge wadon
nyandhang dosa rong prakara
dhingin dosa ing priya
kaping kalih dosanipun
marang Hyang Latawal Ujwa.
7. Dosa lahir dosa batin
ati ugering manungsa.
yen tan pinantheng ciptane
iku atine binubrah
tan wande karusakan
owahing ati tan emut
pan ati ratuning badan.
8. Badan iki apan darmi
nglakoni osiking manah
yen ati ilang elinge
ilang namaning manungsa
yen manungsane ilang
amung rusak kang tinemu
tangeh manggiha raharja.
9. Yeku wong durjaneng batin
uripe nora rumasa
yen ana kang nitahake
pagene nora kareksa
ugere wong ngagesang
teka kudu sasar-susur
wong lali kaisen setan.

10. Nora eling yen wong urip
urip ugering ngagesang
wong mukir marang uripe
nora ngendhaleni manah
anjarag kudu rusak
kasusu kagedhen napsu
kena ginodha ing setan.
11. Pan wus panggawening iblis
ngajak lali ngajak rusak
setane njoget ngaleter
yen ana wong lengus lanas
payu denya dodolan
anyarug tindak rahayu
ngowahken panthenging driya.
12. Wong nora wruh marang sisip
yeku pakartining setan
kasusu kagedhen angkoh
tan wruh yen padha tinitah
iku wong tanpa tekad
pan wus wateke wong lengus
mbuwang ugering ngagesang.
13. Iku nini den nastiti
kalamun sira tinampan
lawan sang Jayengpalugon
garwane kang loro padha
putri saking Karsinah
lan Parangakik puniku
aja sira duwe cipta.
14. Marningsun loro iki
nadyan padha anak raja
ujer gedhe ramaningong
lawan sugih ratu Cina
Parangakik Karsinah

rangkepa karatonipun
maksih gedhe nagri Cina.

15. Budi kang mangkono nini
buwangen aja kanggonan
mung nganggoa andhap asor
aja sira duwe sedya
den kapareng memelas
budi ingkang dhingin mau
wong ladak anemu rusak.
16. Yen sira bisa nusupi
tan kena ginawe ala
yekti rahayu temahe
yen marua gawe ala
yekti nora tumeka
andhap asorira iku
kang rumeksa badanira.
17. Lamun sira lengus nini
miwah yen nganggoa lanas
dadi nini sira dhewe
kang angrusak badanira
marumu loro padha
sun watara Jayengsatru
dadi tyase karo pisan.
18. Karana garwa kakalih
dene padha wus patutan
iya padha lanang karo
nadyan durunga patutan
karo putri dandanan
tyasira sang Jayengsatru
sayekti tan kena benggang.
19. Telas pituturireki
sang nata marang kang putra
kyana patih wus ambendhe



saos rakite wis aglar
kabeh munggeng muwara
lembu jong pragota selup
pacalang kapal giyota.

20. Sawidak kang palwa keci
gagamaning pra punggawa
wus aglar tata barise
pra samya momot dandanan
gumrah wong juru welah
wau sang kusumaning rum
samekta busaneng wadya.
21. Wau ta Sri Narapati
mring garwa alon ngandika
payo Sori ngaterake
pamancale sutanira
sigra tengara budhal
mring muwara Sang Aprabu
lan garwa ngater ing putra,
22. Kang garwa numpak palangki
lawan kang putra sang retna
anitih esthi sang katong
gumerah swaraning bala
sapraptaning muwara
kendel neng tatarub agung
matag nata kang anumpak.
23. Punggawa ingkang rumiyin
wus kamot dandanira
mung kantun wadya Kaputren
pawestri kang dereng numpak
Kya Patih pinaringan
serat kakalih puniku
kang satunggil serat cacah.
24. Donya bebektanireki

serat pangaken satunggal
lamun puniku putrine
pambajeng sang rajeng Cina
dening pakaryanira
anut karyane kang nuduh
nenggih Hyang Latawal Ujwa.

25. Wus cupet raosing tulis
tan amawi kathah-kathah
alon ngandika Sang Katong
payo Patih anumpaka
iya lawan gustinira
mara Nini sutaningsun
aja pisah lan si Patya.
26. Rekayana patih wotsari
wadyane tengara numpak
Patih Iyangko Samsiyo
prawira putus bicara
ayu ingering jagad
mrih luhure gustinipun
kyana patih mandra guna.
27. Wus tampi sasmiteng gusti
graita asemu waspa
Patih Iyangko Samsiyo
mundur saking ngarsa nata
sang putri atur sembah
mring kang rama sang aprabu
ingaras lungayanira.
28. Pitungkase wanti-wanti
kang putra lajeng wotsekar
mring ibu atur sembahe
kang ibu njentung kewala
kawraten tresneng putra
semu waspa denya ndulu
sang nata aris ngandika.

29. Aywa sira ngrurubedi
ing lakune sutanira
prameswari wus njanggelek
lajeng ningali kang putra
panumpake ing palwa
sumaput paningalipun
denya mancal bedhol jangkar.
30. Babar layare sang putri
swaraning tata panggenan
sanjata ageng urmate
baita gung ngering nganan
asri pating salebar
palwa sawidak rong atus
abayak-bayak tan pisah.
31. Adangu Sri Narapati
nganti tebihe kang putra
denira ngimur garwane
tan kober mulat baita
nanging maksih kapyarsa
Kya Patih gamelanipun
pan meh silem ing dharatan.
32. Prameswari datan eling
inginggahaken jempana
sang nata kondur ngadhaton
praweswari dereng tata
pamirsa myang paningal
sang nata tansah ngrarapu
garwa kang anggung sungkawa.
33. Kuneng ing Cina Sang Aji
warnanen ingkang lalampah
wus angambah laut gedhe
kumerab pencaring palwa
liyan kang palwa dagang

kasusu ambyar sumawur
denya nyimpangken baita.

34. Ajrih tyase mutawatir
wruh lakune palwa raja
tunggule kukucir kabeh
abang kang dadya pangarsa
kuning ing keru kanan
mangkana Sang Retnaning Rum
nyandhing wong juru pandoman.
35. Andangu talatah nagri
ngilen lampahe Sang Retna
angsal angin kras lakune
anjog ing laut Sukerta
wonten ulam geng ngambang
sasmita pangadhangipun
baliya sang putri Cina.
36. Yen banjur nemu bilai
ngunggahi nora katampan
kadya mangkana pemute
nanging angambang kewala
palwa kendel sadaya
pangrasane lampahipun
katanggor ujung nagara
37. Palwa ngarsa nganan ngering
prapta ngaturi uninga
lamun lampahe katanggor
wonten ujung katingalan
Kya Patih sigra minggah
ing palwanira sang ayu
palwa kabeh labuh jangkar.
38. Juru pandoman tinari
mring Ki Patih kaya paran
layaran rolas wengine

saking nagari ing Cina
ana ujung katingal
juru pandoman turipun
nadyan layara sawulan.

39. Tan wonten ujung kaeksi
inggih ing laut Sukerta
puniki dede wadose
sigra wau ingkang prapta
baita kang pangarsa
tur uninga kancanipun
pacalang pitu kang ilang.
40. Koyub ing ujung puniki
pan dede ujung punika
kang angambang ulam gedhe
layaran satengah wulan
buntut kalawan sirah
pitung dina genging wadhuk
cangkeme satus onjotan.
41. Paran ing karsa puniki
dhuh gusti Sang Retnaning Dyah
bilai ageng nah angger
Retna Daninggar ngandika
mangsa bodhoa sira
Papatih ingsun nora wruh
pakewuh jroning srinata.

4. MENAK JAYENGMURTI PERANG KALIYAN RAJA KEMAR

SINOM

1. Rekyana patih tur sembah
pukulun sang rajaputri
sagung pusaka wasiyat
saking rama paduka ji
kang binektakaken inggih
dhateng nah angger pukulun
pan pethi kang sadasa
pethi kancana satunggil
pan kawula pinetik rama paduka.
2. Pethi mas isi berkatan
awasta Tunggul Ibrahim
langkung sinekti punika
lerese kang darbe waris
trahing Nabi Ibrahim
pun Kalana Jayengsatru
Wong Agung ing Kuparman
punika lamun suwawi
wedalena saking kandhaga kancana.
3. Suka mesem Sang Lir Retna
pundhuten kandhaga rukmi
pawongan titiga prapta
kang mbopong kandhaga rukmi
suka mesem Sang Putri
heh kalingane Wong Agung
Surayengpramudita
pusakane aneng mami
lah wa Patih mara iku untkabana.
4. Mendah sukane ing benjang
Wong Agung Surayengbumi



pusakane wus aneng wang
nora bakal awakmami
kadereng kudu nyethi
baya prabawaning tunggul
kya patih aturira
prabawaning tunggul nguni
yen binabar sampun wonten wong dadamar.

5. Lan palwa sami labuha
rinacut tiange sami
pasthi prahara geng prapta
samodra amolak-malik
sigra marentahi
labuh jangkar layar gulung
kang tunggul gya binabar
gumebyar pan sutra kuning
mawa cahya lir soroting diwangkara.
6. Ulade kang tunggul pita
gumaludhug ing wiyati
kocak prakempeng samodra
jumegur swaraning wukir
jaladri molak-malik
kang kumambang iwak enun
kontal katut ing ombak
lumaris awetu riris
pan samadya candra kasahe kang ulam.
7. Wus benggang mina kang ngambang
sumilak padhang ing ngarsi
katon talatah nagara
ujunge ingkang sayekti
lambat-lambat njalirit
katon pipiritanipun
Ujung Kandhabuwana
ngalingi Ujung Kuwari
ing Kuwari ngalingi Ujung Yujana.

8. Enggar Sang Retna Juwita
miwah sawadya geng alit
kesahe mina kang ngambang
luwar saking ing bilai
kang wadya denundhangi
masang layar jangkar daut
kumrab saguning palwa
munya kendhang gong ngrarangin
silir-silir eca lampahing baita.
9. Kuneng gantya winursita
nenggih nagari Kuwari
kang lagya yunayun yuda
lawan wadya Kuparmani
andina mangun jurit
Kemar kalawan Tamtanus
samyang ngaben punggawa
mangkana sang Jayengmurti
pan anilib namur tan amawi bala.
10. Amung lawan Arya Maktal
katiga Umarmayeki
wadya gung kantun Pawekas
wus panggih rajeng Yunani
winangsit ywa baribin
ingsun namur ing prang pupuh
heh yayi rajeng Yunan
ingsun ngaku wong Yunani
yen tinaken angaku prajuritira.
11. Lamun ari benjang enjang
si Kemar metuwa jruti
ingsun yayi kang maguta
ngaku satriya Yunani
gunemipun sawengi
bujana ngiras aninum
ing dalu tan winarna

ya ta kawuwusa enjing
atengara wong Kuwari lan wong Yunan.

12. Mijil prajurit ing Yunan
Kebar lawan Kandhabumi
malatar ing rananggana
tepung lan baris Kuwari
Raja Kemar wus mijil
lawan bethareng Medayun
lunggyeng ngamparan retina
aglar punggawanireki
tuwin Prabu Tamtanus wus munggend papan.
13. Raja Kemar amit nembah
ing Bathara Nyakrawati
kawula kang medal ing prang
inggih pun rajeng Yunani
amba bestane mangkin
dimen enggal praptanipun
inggih pun Kakungingrat
sigra anitih turanggi
sampun kawot sakapraboning ngayuda.
14. Mangsah prapteng pabaratan
mider turangganireki
Raja Kemar nguwuh lawan
heh payo rajeng Yunani
metuwa ing ngajurit
arok bindi tempuh bau
tur sembah rajeng Yunan
mring gusti sang Jayengmurti
nggih punika Raja Kemar kang umangsah.
15. Wong Agung alon ngandika
ingsun yayi kang metoni
tandhing prang lan Raja Kemar
turangga sumaos ngarsi

sangkep kaprabon jurit
tedhak saking paluwanu
wadya surak gumerah
Wong Agung sampun anitih
Askardiyu anyongklang wedhar umangsah.

16. Prapteng rana yun-ayunan
tatanya rejeng Kuwari
prajurit sapa ranira
warnamu pekik respati
wong Agung anauri
ingsun santananing ratu
Tamtanus rajeng Yunan
aranisun Sayid Sami
andel-andeling yuda panata bala.
17. Sang Raja Kemar lingira
ingsun eram ing sireki
satriya ngungkuli raja
lah payo kene ajurit
tekakna Sayid Sami
apa kang aneng sireku
angling kang sinung ujar
dudu caraningsun jurit
andhingini sira Kemar ndhininana.
18. Raja Kemar ngikal gada
denprayitna Sayid Sami
akudhunga bandabaya
prayitna sampun atangkis
senggak rajeng kuwari
kuwat gadane tumempuh
mubal parise waja
geni ngaladi turanggi
surak barung wadyaning mungsuh lan rowang.
19. Asenggak sang Raja Kemar
heh mati ko Sayid Sami

wusnya ilang kang dahana
Wong Agung katon tan osik
sigra pinupuh malih
suaraning gada tumempuh
kuwate kang anangga
rosane ingkang atangkis
swaranira jumbred pan kadya gelap.

20. Wong Agung datan katingal
kalaban ulading agni
Raja Kemar goragodha
heh mati ko Sayid Sami
pasthi ajur wor siti
katiban ing gadaningsun
geni musna katingal
eram sang rajeng kuwari
Sayid Sami wentala katiban gada.
21. Angling payo amalesa
nauri Dyan Sayid Sami
iya denyitna sungada
kudhunga rajeng Kuwari
sigra ngetap turanggi
sarwi angikal gada gung
nenggih Usamadiman
pinupuhaken tumuli
Raja Kemar apasang tangkis legawa.
22. Tempuhing gada lir gelap
parise rajeng Kuwari
amubal metu dahana
katar-katar mring wiyati
rosane kang anggitik
kuwate panangkisipun
kuda asru kapadal
tugel gigiring turanggi
Raja Kemar tibeng siti kadhakalan.

23. Gya tedhak saking turangga
Wong Agung Surayengbumi
matakapen Sri Nusirwan
ngandika marang apatih
Bestak si Jayengmurti
kang aprang lan Kemar iku
awasna denwaspada
denprayitna wong Medayin
patih matur inggih saestu pun Ambyah.
24. Mirut samya ingundhangan
ngumpul wus samya miranti
kang sami saos wahana
turangga kalawan esthi
kabeh wadya Medayin
pan wus oyag barisipun
nateng Kebar tur sembah
marang sang rajeng Yunani
kakang prabu baris Medayin wus oyag.
25. Kadi punika uninga
yen raka paduka prapti
Wong Agung Surayengjagad
prapta anamur ing jurit
angling rajeng Yunani
undhangana yayi prabu
prajurit kang turangga
telung leksa aja luwih
angungsira wong Medayin undurira.

**5. DEWI KISBANDIYAH, RAYI RAJA KEMAR
KAGARWA MENAK JAYENGMURTI**

DURMA

1. Ya ta wau kang aprang rame kalihnya
Kemar lan Sayid Sami
pan pedhang-pinedhang
tan ana kang kasoran
pedhang wus tan migunani
asalin rajang
rajang-rinajang genti.
2. Rajang rantas jiretan sendhal-sinendhal
kabeh gagaman jurit
wus datanpa karya
dangu denira aprang
angling Raden Sayid Sami
heh Rajeng Kemar
wus suwe aprang iki.
3. Sakathahe gagaman wus tanpa karya
mung pratingkah sawiji
durung kalampahan
junjung-jinunjung iya
Raja Kemar belik-belik
alatah-latah
mekasi Sayid Sami.
4. Sira iku tan layak angajak aprang
iya banting-binanting
de gung luhur ingwang
sira iku pideksa
angling Raden Sayid Sami
nadyan tiwasa
wus jamaking prajurit.
5. Sarwi mrepek ngadeg munggend ngarsanira

sang prabu ing Kuwari
lah payo njunjunga
wau sang Raja Kemar
sigra anyandhak tumuli
kang iket pinggang
ngira sang Sayid Sami.

6. Wanti-wanti ingangkat tan kangkat-kangkat
pineksa anguwati
kabeh rosanira
kinumpul munggeng asta
ananging meksa tan osik
suku kalihnya
saya rapet lan siti.
7. Raja Kemar jarijinira ngemu rah
suku tumanem siti
sadekung sru mojar
angur mbedhola arga
rugrug rungkad dening mami
anujung sira
prasasat njunjung wesi.
8. Pan sakethi rong kethi dhacin padhanya
malesa Sayid Sami
kuping lir denagar
dadya dalaning napas
inguculaken sarya ngling
payo malesa
njunjunga Sayid Sami.
9. Dyan cinandhak wangkingane Raja Kemar
sarya nolih ing wuri
ngulukken makutha
wong agung Tasikwaja
angling Prabu Nyakrawati
heh patih Bestak
payo Jumayu aglis.

10. Mangsa wurung si Kemar ika binanda
bubar bala Medayin
ngungkuraken petak
sira sang Kakuningrat
anujung petak mbarengi
sang Raja Kemar
ingikal sarwi angling.
11. Heh wruhanta aja tambah Raja Kemar
ya ingsun Jayengmurti
wong agung Kuparman
binanting Raja Kemar
tiba ing siti gumlinting
sigra Marmaya
tarutul analeni.
12. Balanira pra dipati myang satriya
asrah babandan sami
wadya lit kyehe bubar
nggerus wadya sar-saran
wong Arab samya angungsi
wadya turangga
nututi wong Medayin.
13. Mawur-mawur maledug asalang tunjang
pra samya rebut dhingin
wus manjing ing wana
binujung kinakalang
sira Prabu Yusup Adi
lan rajeng Kangkan
kang nindhihi angungsir.
14. Tan winarna wau ta sang Kakuningrat
kondur pakuwon prapti
wus lunggyeng amparan
siniwi para nata
Ki Umarmaya wus prapti

lan Arya Maktal
mbekta rajeng Kuwari.

15. Angandika gawanen mring ngarsaningwang
iku rajeng Kuwari
wus munggeng ngayunan
alon dennyangandika
Wong Agung Surayengbumi
heh Raja Kemar
apa kudu ngemasi.
16. Angucapa yen arsa urip manuta
marang agama mami
matur Raja Kemar
inggih nungkul kawula
ing gusti sang Jayengmurti
sumanggeng karsa
pejah gesang angabdi.
17. Wus sinadataken sira Raja Kemar
tedhak sang Jayengmurti
nguculi babandan
wus kinen nunggil lenggah
lawan sagunging para ji
sampun ginanjar
busananing narpati.
18. Wus amanggih kamulyan sang Raja Kemar
ngandika Jayengmurti
heh ta Sri Narendra
kabeh punggawanira
wong sanagara Kuwari
pan undhangana
asalina agami.
19. Tur sandika Kemar sapunggawanira
sampun salin agami
sagung pra dipatya

wus ngayap Raja Kemar
angling sang rajeng Kuwari
heh Patih Ambar
resikana jro puri.

20. Raja Kemar tur sembah atur kadhatyan
suwawi ta jeng gusti
tuwan ngadhatona
sampun lami neng njaba
ngecani sang Jayengmurti
ngundhangi bala
lan nuduh kang tinuding.
21. Animbali kang aneng Ujung Pawekas
budhal sang Jayengmurti
lumirig mring kitha
lawan sawadyanira
prapteng jro kitha Kuwari
neng sitibentar
kendele Jayengmurti.
22. Angantosi praptane kang para garwa
sang prabu ing Kuwari
medal magelaran
bangsal pangapit wetan
makajangan sri bupati
sugatanira
saben ari tulya sri.
23. Kawarnaa sakathahing para garwa
lan sawadyanireki
tuwin para raja
kebut saking Pawekas
kadya wutah kang jaladri
ngalebi jagad
wus prapta ing Kuwari.
24. Kadya suwak kang praja angemprak-emprak

nagari ing Kuwari
kisen wong Kuparman
jejel sajroning praja
pan wus ngadhaton sang putri
panggih kalawan
kang raka Jayengmurti.

25. Raja Kemar angaturaken arinya
sira Retna Kisbandi
supaya dadosa
pawongan anjuru dang
sang Dewi Sudarawreti
kang pinarcayan
mring raka anampeni.
26. Lawan Retna Rabingu putri Karsinah
Sirtupelaheli nenggih
wus sami tinampan
rinengga paripurna
sang rajaputri Kuwari
sampun aningkah
lan sang Surayengbumi.
27. Wus kapetha Kisbandi garwa taruna
langkung sih Jayengmurti
dene putri bisa
suwiteng marunira
lan ibu rajeng Kuwari
angung asowan
mring sang Surayengbumi.
28. Ngaturaken ing nguni supenanira
sira putri Kisbandi
yen ketiban wulan
lan kagrimisan lintang
marma sukeng tyas sang Amir
doradasihnya
krama putri Kuwari.

29. Langkung arja nagri Kuwari samana
kisen gunging wadya Mir
kuneng kawarnaa
kang samya ngodhol lampah
sira Prabu Yusup. Adi
lan rajeng Kangkan
wadya kuda tut wuri.

6. PRABU NUSIRWAN ANYARAYA RATU ING YUJANA

PANGKUR

1. Marang sang Prabu Nusirwan
saparane yen celak denkendeli
yen atebih tinut pungkur
rusak balane Bestak
wong Medayin akethen kang wus maledug
mawur-mawur asarsaran
mung kang celak lan sang aji.
2. Punika datan rinusak
mung kinalang-kalang ing kanan kering
jitus bala ing Medayun
lan bala Kebar Kangkan
mung turangga tigang leksa datan langkung
yutan balane Nusirwan
tan ana wani nungguhi.
3. Saking Kuwari wus lepas
limang siyang kalawan limang latri
kendel madyaning wana gung
sang nata masanggrahan
rajeng Kebar ambarisi saking pungkur
kalamun pinriha rusak
mangsa gagapa basuki.
4. Sang prabu nimbali Bestak
lenggah munggend sangandhaping kusambi
aglar kang sumiweng ngayun
punggawa myang satriya
sri bathara ngandika sapa kang nusul
Wong Arab kanganelasah
patih matur awotsari.
5. Pan inggih sang rajeng Kebar
lan ing Kangkan punika kang angungsir

tingang leksa boten langkung
mung prajurit turangga
inggih enjang wau kawula andulu
saking doh pan boten samar
nggih pun Raja Yusup Adi.

6. Yen enjing wonten ing ngarsa
ngirid barisipun wonten ing wuri
yen sampun pukul sapuluh
punika wonten wuntat
abdi tuwan wingi sonten prapta nusul
saking Kuwari tur wikan
pun Kemar dipungesangi.
7. Malah kinula wisuda
nenggih arinipun putri Kisbandi
wus katur ing Jayengpupuh
dadya garwa taruna
para garwa lan sagunging para ratu
kang wonten Ujung Pawekas
sampun kumpul neng Kuwari.
8. Sri Naranata ngandika
heh Apatih paran dayanireki
apa mulih mring Medayun
ingsun wus nora bisa
gung kaponthal-ponthal angambah wana gung
kabeh mung pakartinira
kurang titi kurang yakti.
9. Pan ing mengko nemu papa
endi silih rupane si Samiril
kang ameca sirnanipun
marang si Kakungingrat
Raja Kemar tanpa kaluhuranipun
angaku tabit kuwasa
iladuni sira nguni.

10. Anganggep tutur wong ngomyang
dene nora tinemu dadi becik
agawe musakatingsun
nistha ketula-tula
sun suweka cangkemira ana sewu
para ratu pra dipatya
Medayin kang padha gilig.
11. Marang ature si Bestak
durung ana saejam kang pinanggih
amung papa kang tinemu
rusak anasak-nasak
murang-murang jurang-jurang parang parung
sadina durung waluya
anggugu aturireki.
12. Patih pucet netyanira
pra dipati tuwin ingkang para ji
konjem ing siti andheku
ajrih lingsem kalintang
nora ana kang bisa mangsuli atur
bener dukane sang nata
mung rajeng Wuawu Langit.
13. Sira sang Raja Ubinah
matur nembah ing batin ambek pati
susah wong padha kaburu
teka ndadak duduka
aturipun inggih ta sakathahipun
pandamel punika musna
wonten paduka pribadi.
14. Yen tuwan boten ngersakna
ing ature pun Patih lan para Ji
purba wonten ing pukulun
mangsa kalampahana
yekti tumut dhumateng pun Jayengsatru

lamun tuwan anemaha
ing putra paduka Amir.

15. Sayekti anut kewala
wong Medayin kang boten anglampahi
pasthi tilar prajanipun
kang maksih tresneng praja
mangsa inggih tilara tuwan pukulun
paduka mbekta suwita
yektine sami nglampahi.
16. Legeg Bathara Nusirwan
lagya eca kendel aneng wanadri
ing nguni utusanipun
sira Kya Patih Bestak
mintasraya mring Yujana minta tulung
duk wau kaburunira
saking nagari Kuwari.
17. Lajeng nglampahken caraka
mring Yujana panggih sri narapati
Raja Kewusnendar saguh
ngukuhi sri bathara
papatihe Jawiarta kang tinuduh
ambekta kuda saleksa
amethuk rajeng Medayin.
18. Kagyat sang prabu gedandap
baris apa kang prapta saking ngarsi
apa wong Kebar puniku
megati saking ngarsa
utusane Patih Bestak mantrinipun
titiga ndhingini lampah
dumrojog ngarsa sang aji.
19. Tur sembah lamun punika
dutanipun rajeng Yujana prapti
kang tinuduh patihipun

nama pun Jawiarta
mbekta kuda saleksa punika methuk
dhateng ing lampah paduka
binujun saking Kuwari.

20. Prabu Nusirwan ngandika
mring Apatih paran karsanireki
Papatih Yujana iku
amondhongi maring wang
Bestak nembah sumanggeng karsa pukulun
tan saged anglangkungana
ing karsa Paduka Aji.
21. Punapa inggih tinulak
dutanipun Kewusnendar Narpati
ing Yujana ratu wudhu
prawira mandraguna
yen tan arsa paduka tinulak wangsul
lamun tuwan angarsakna
wangsul dhateng ing Kuwari.
22. Sapunika sampun tamban
putra tuwan risang Surayengbumi
kadi punika yen sampun
lilih dukane lejar
yekti ngowel emut darbe mara sepuh
lamun paduka suwita
lan sawadya kang para ji.
23. Mangsa amanggiha papa
amung manggih lilingsem mung sakedhik
yektine linuhur-luhur
dhateng pun Kakungingrat
amung wadya tuwin ingkang para ratu
merang mulat Umarmaya
tan wande denkalenangi.
24. Ical murwating narendra

loking jana winastan kurang budi
dhepe-dhepe marang mantu
mantu seje agama
sinuwitan nora mambu ratu agung
kewran Nusirwan wasana
ngandika kinen nimbali.

25. Mring Ki Patih Jawiarta
prapta nembah ing Prabu Nyakrawati
dedege parusa bagus
memper sang rajeng Yunan
Jawiarta kadi sang Prabu Tamtanus
para mantri ing Yujana
ing semu gagah ing jurit.
26. Lan wadya Kuwari beda
rikat-rikat prajurit Yujaneki
jarot-jarot bagus-bagus
resep Prabu Nusirwan
aningali wong Yujana tandangipun
pantas ratune prawira
prajurite cecik-becik.
27. Patih Yujana tur sembah
kula ngutus ing putra paduka ji
amondhongi ing pukulun
dhateng nagri Yujana
yen wus prapta Yujana paduka prabu
yekti Raja Kewusnendar
amukul nagri kuwari.
28. Ing mangke sampun samekta
prajurite mung ngantos paduka ji
pan inggih salaminipun
putra tuwan sang nata
Kewusnendar destun temen ing tyasipun
arsa atandhing prawira
lan pun Menak Jayengmurti.

29. Ing taun wingking puniki
 meh umangkat sampun samekteng jurit
 nagri Kuparman pinukul
 nunten miyarsa warta
 inggih suweng dhateng Kuwari anglurug
 Wong Agung Surayengjagad
 kang arsa dipunayoni.
30. Prabu Nusirwan ngandika
 mring Apatih Yujana sira iki
 matura ing Anak Prabu
 insun iya lumampah
 neng wurimu sira denenggal rumuhun
 ninggala mantri kewala
 iya kang atuduh margi.
31. Patih Jawiarta nembah
 lengser saking ngarsa budhal ndhingini
 ing wuri rajeng Medayun
 kebut sawadya budhal
 wau Patih Jawiarta praptanipun
 ing ngarsa gusti tur sembah
 Nusirwan lumakyeng wuri.
32. Sang aprabu Kewusnendar
 angundhangi wadya myang pra dipati
 dhomas ingkang para ratu
 nagari mancapraja
 kalih atus pra samya ratu pinunjul
 ing nguni kang awon aprang
 kaboyong nungkul angabdi.
33. Wus budhal rajeng Yujana
 Kewusnendar tuhu ratu prajurit
 wadyanira para ratu
 ingkang lumakyeng ngarsa
 methuk marang lampahe rajeng Medayun

wadya lir giri kusuma
muntab mbalabar ngajrihi.

34. Sang nata nitih turangga
pun Jongwiyat binusanan tulya sri
ules cemeng surinipun
pethak kuncunge pethak
buntut pethak ngumbala
langkung rong pikul
ingoncen lawan mutyara
kukuncung miwah susuri.
35. Sami kinait mutyara
muncar-muncar sumorot angeneni
kang diwangkara narawung
tate binekta aprang
pun Jongwiyat nate nubruk para ratu
yen ginada bisa indha
sadhepa umbuling bumi.
36. Wus tebah medal sing kitha
wus kapethuk Sang Prabu Nyakrawati
pangarsaning para ratu
piyak bala Yujana
mire nganan ngering jawining marga gung
resep wong Medayin mulat
wong Yujana becik-becik.
37. Akathah kang para raja
wus atundhuk paran-pinaran sami
nenggih sareng tedhakistan
saking wahananira
pareng gapyuk Kewusnendar awotsantun
resep sang Prabu Nusirwan
miyat Yujana narpati.
38. Dedeg pitung dasa egas
ratu dhegus singset rowa ngajrihi

aluwes rikat dinulu
pantes wangun prawira
mandraguna semu paribawanipun
wus budhal manjing jro kitha
prapteng Yujana narpati.

39. Bujana neng siti bentar
datan sinung makuwon aneng jawi
tinunggil jroning kadhatun
sira Kya Patih Bestak
nunggil Patih Jawiarta wismanipun
sagung para raja raja
tinunggil wismeng dipati.
40. Wau ta rame bujana
neng sitinggil supenuh pra dipati
Kewusnendar aturipun
milanipun paduka
pijer mintasraya para ratu-ratu
boten dhateng ing Yujana
amengsah pun Jayengmurti.
41. Boten kenging sok ratuwa
putra tuwan pun Arab dibya sekti
trah Nabi Brahim puniku
milane tanpa lawan
lamun dede Kewusnendar kang umagut
kawula ajeng uninga
lamun ratu tipis tipis.
42. Sakathahing para nata
ing Medayin samya ngalem bibisik
iki si wong bagus semu
ladak batin kewala
nora pati umbage kapareng patut
angengreng saguh wiletan
prajurite becik-becik.

43. Kuneng kang anggung bujana
neng Yujana Sang Prabu Nyakrawati
apan sampun pitung dalu
wau sang rajeng Kebar
wus tetela mundur lan sawadyanipun
prapteng Kuwari nagara
kasmaran matur ing gusti.

7. MENAK JAYENGMURTI NGLURUG DHATENG YUJANA

ASMARADANA

1. Lagya sakeca tinangkil
Wong Agung Surayengjagad
aglar ingkang para katong
Raja Kemar munggeng ngarsa
lan sagung para nata
Maktal Marmaya neng ngayun
arame samya bujana.
2. Salamine neng Kuwari
siyang dalu andrawina
Wong Agung lan para katong
Raja Kemar langkung suka
nutug sugatanira
mangkana wau kang rawuh
Raja Yusup Adi Kebar.
3. nJujuk sang rajeng Yunani
katur Arya Parangteja
rejang Kebar saature
katur ing sang Kakungingrat
pukulun rama tuwan
sampun kantenan nggenipun
ngungsi nagari Yujana.
4. Kewusnendar ratu luwih
prawira utameng yuda
ing jagad pilih tandhinge
sagah amungsuh paduka
Kemar nambungi sabda
inggih saestu pinunjul
Kewusnendar ing Yujana.
5. Tanpa tandhing ing ngajurit
awis wontena narendra

ingkang anangga bobote
dhateng Raja Kewusnendar
wudhu datanpa lawan
Wong Agung ngandika arum
sukur bage Sri Narendra.

6. Panembahan ing Medayin
oleha amintasraya
ratu kang sureng palugon
kaya ge ingsun panggiha
lan Ratu Kewusnendar
heh Raja Kemar sireku
kariya tunggu nagara.
7. Sun tindakane pribadi
ing Yujana Kewusnendar
Raja Kemar awotsinom
patikbra anuwun duka
ndherek salampah tuwan
pejah gesanga pukulun
nglampahana karya tuwan.
8. Antuka sawabe gusti
gusti penede kantuna
para garwa sakathahe
wonten Kuwari nagara
amba tilar punggawa
pun Patih Ambar pukulun
lan sapalih pra dipatya.
9. Iya sakarsanireki
yen sira kudu milua
para ratu sapratelon
rong duman kang ingsun gawa
saduman kang kariya
heh Umarmadi ing besuk
budhalingsun mring Yujana.

10. Undhangana kang para ji
rong duman kang ingsun gawa
sandika ngundhangan kabeh
jengkar denira sineba
Wong Agung Surayengrat
pakuwon umung gumuruh
kang samya samekteng yuda.
11. Kang tinuduh andhingini
sang nateng Kandhabuwana
wus budhal sapunggawane
Raja Samsir Ibnu Buldan
mbekta bala rong yuta
ing wuri ingkang sumambung
Raja Yusup Adi Kebar.
12. Lan rajeng Kangkan prajurit
mantri Kuwari sadasa
ingkang mungeng ngarsa dhewe
punika kang juru marga
manggala tigang raja
swaraning bala gumuruh
lepas narendra katiga.
13. Ing wuri tengara nuli
antara ing pitung dina
sang Jayengmurti budhale
saking Kuwari nagara
kadya samodra wutah
mbalabar tan kena ngitung
cacahé ratu amanca.
14. kawan leksa kalih kethi
samas kang ratu wadana
pan wus kebut sawadyane
wadya lit sadina-dina
ingkang angambah wana
sinasak ingkang wana gung

temah dadya ara-ara.

15. Putra kakalih tan keru
Raden Jayusman lan Ruslan
kang kantun mung ibu karo
aneng Kuwari nagara
lan garwa para raja
kuneng budhale Wong Agung
wuwusen nagri Yujana.
16. Kewusnendar Sri Bupati
anenggih lagya ndrawina
lawan kang Rama Sang Katong
sira sang Prabu Nusirwan
angiras paguneman
aglar pra dipatinipun
miwah satriya punggawa.
17. patih Bestak munggend marsi
lan Apatih Jawiarta
Kewusnendar matur alon
ing benjing enjing kawula
utusan nonjok surat
dhateng Kuwari pukulun
panantang dhateng pun Ambyah.
18. Yen tan purun nungkul aris
kawula gitik ing aprang
dhateng Kuwari tan wande
kula damel karang abang
lagyeca angandika
wong mantri tampingan rawuh
sakawan atur uninga.
19. Yen wonten dadamel prapti
tigang raja bala kuswa
sampun pratandha lampahe
balane samya mbabahak

gempur paminggir desa
ing Kandhabumi sang prabu
Raja Samsir Ibnu Buldan.

20. Lawan Prabu Yusup Adi
punika Narpati Kebar
rejang Kangkan katigane
katur ing Sri Kewusnendar
kagyat asemu duka
kumejot ngandika asru
heh Apatih Jawiarta.
21. Paran ature kang pasthi
mantri kang juru tampingan
kyana patih awotsinom
inggih pun Surayengjagad
saking Kuwari budhal
punika ratu panganjur
Raja Samsir Ibnu Buldan.
22. Narendra ing Kandhabumi
kaipe ing Arya Maktal
lawan ing Kebar sang katong
katiga sang rajeng Kangkan
ratu katri punika
winatawis balanipun
inggih wonten gangsal yuta.
23. Sri Kewusnendar lingnya ris
alah silih linurugan
wong Kuparman prapta dhewe
patih sira undhangana
kabeh samakteng yuda
ing jaban kitha ngong methuk
aprang lan si Kakungingrat.
24. Tan tutug Sri Narapati
denira boga ndrawina

geger kang mungsuh praptane
bala Yujana busekan
samy a dandan sanjata
budhal panganjur kapethuk
atata jawining kitha.

25. Prapta bala Kandhabumi
sampun amrepeki kitha
gumuruh karya pakuwon
aneng dhusun Mandalika
jembar salering kitha
bangawan ageng ing pungkur
ngarsa ara-ara wiyar.
26. Badhe papaning ngajurit
gumuruh bala yujana
wong cilik puyengan geger
pra samya ngungsi jro kitha
kyana patih Yujana
wus apajeg barisipun
malatar jawining kitha.
27. Samya eram aningali
solahe mungsuh kang prapta
wong bumi datan runewes
eca sami nambut karya
tahu kawenang-wenang
ing kang babahak anutug
mungsuh tan ginawe gandra.
28. Wong Yujana denundhangi
aja na kang salah karya
ru-biru mungsuh praptane
padha enengna kewala
iya padha tambuha
mangkana wau Wong Agung
praptane wadya sadaya.

29. Sira sang Prabu Kohkarib
kang prapta sakadangira
patang puluh para katong
samyata pasanggrahan
let sadina praptanya
sira sang Prabu Tamtanus
let sadina malih prapta.
30. Sira sang prabu Serandil
ing sadina malih prapta
sira sang prabu ing Kaos
sadina malih praptanya
ing Turki Raja Sarkab
dinten malih praptanipun
rajeng Indi lan Tursina.
- 31 . Rajeng Ngabesi Biraji
longkang sadina praptanya
nulya sang prabu Gulange
prapta antara sadina
sawulan para raja
wuri malih praptanipun
Wong Agung ing Parangteja.
32. Nulya Ki Umarmayeki
prapta antara sadina
nagri Yujana lir suwek
kaisen ing balanira
Wong Agung ing Kuparman
mangkana sang Jayengsatru
wus prapteng nagri Yujana.
33. Lampahan satengah sasi
pakuwon kadi samodra
rajeng Yujana wus miyos
makuwon jawining kitha
ing puniku kang lampah

atata sareh gumulung
tan nganti layang panantang.

34. Akasukan siyang latri
sang Aprabu Kewusnendar
nutug munggend pakuwone
dereng arsa medal ing prang
anganti bala Arab
dereng sampurna nggenipun
dennya karya pasanggrahan.
35. Marma jeng-ajengan sami
Wong agunge andrawina
wong cilik anambut gawe
amenedi pasanggrahan
gumrah sadina-dina
kuneng kang lagya mamangun
pakuwon para srinata.

8. PUTRI CINA DAMEL PASANGGRAHAN

SINOM

1. Ya ta ingkang winursita
lampahe sang rajaputri
ing Cina Retna Daninggar
prapta muareng Kuwari
palwa samya angranj
labuh jangkar layar gulung
kebekan ing muwara
ing nalika tigang ari
amiyarsa wartane sang Kakuningrat.
2. Saking Kuwari wus budhal
marang Yujana wus lami
amung kantong para garwa
ingkang kantong neng Kuwari
ya ta sang rajaputri
parentah ing wadyanipun
nusul marang Yujana
sagung wong kang jurumudhi
gulung jangkar pra samya ambabar layar.
3. Lumaris marang Yujana
mbesuk layare angering
lir peksi kardha raratyan
sumilir katiyup angin
saben palwa bupati
gamelan pating carengklung
ngarsane sang lir retna
ing kiwa tengen marapit
lan biyolah salompret satus neng ngarsa.
4. Layare awarna-warna
pitung dasa palwa keci
palwa kapal kawandasa

satus pacalangireki
lembu giyota ngarsi
lan pragota pitung puluh
seket kang pugareyan
enggoning mantri bupati
asri tinon lampahe baiteng Cina.

5. Wus lepas ing lampahira
lambat-lambat anjalirit
katon ujung ing Yujana
amangsit wong jurumudhi
Ujung Yujana prapti
mung layaran pitung dalu
punjul tiga tengah jam
saking nagari Kuwari
samyak giyak saguning kang wadya Cina.
6. Anglela talatahira
palwa gung pra samya ririh
pan arampak bayak-bayak
katon pasisirireki
muwarane kang nagri
panjeran bandera munggul
angapit ing muwara
enggening tugu cinandhi
pan linepa tugu ageng satus dhepa.
7. Genge sapuluh dipangga
satus dhepa luhurneki
enggen panjeran bandera
sasupit enggene ngapit
muwara kanan kering
walesan titiyang mungguh
wiyare kang bandera
apan sinjang satus kodhi
yen binabar sawah sajung pan kauban.
8. Dhapure pinanca warna

abang putih ireng kuning
lawan sutra kapuranta
ing kang nginggil sutra abrit
pan kalih sada kodhi
ngandhapipun sutra wulung
anulya sutra pethak
sami ngalihdasa kodhi
sutra kuning wekasan kang kapuranta.

9. Wiyaripun apan samya
inggih ngalihdasa kodhi
katingal alkon sasiyang
ing ngandhap resik winedhi
muwara yeku nenggih
ing nginggil pan turutipun
pakuwon wadya Ngarab
dadya pasabanireki
lamun sore para putra pinarakan.
10. Titiga ngandhap bandera
kang celak pakuwoneki
nenggih Raja Kalbudiyon
Sri Naranateng Biraji
lawan rajeng Ngabesi
tepung lang Sang Nateng Kuljum
miwah Nateng Tursina
pirite ing kang mekasi
Rajeng Buldan Kunawar lawan Kuristam.
11. Lalampahan kalih siyang
lawan pakuwoning gusti
aneng dhusun Mandalika
Wong Agung Surayengbumi
bangawane pan nunggil
sapangandhap baris agung
kojor banon sarimbag
wolung dina ujurneki
patang dina palange kang pasanggrahan.

12. Pan ing dhusun Parangjara
pakuwon muwara nenggih
tinaneman sapunggawa
tigang leksa kehing jalmi
pabeyan Yujaneki
punggawanira wus nungkul
mring sang rajeng Kunawar
lan rajeng Kuristam nenggih
sugatane mring ratu kalih punika.
13. Mawi tatarub wangunan
ambanjeng pinggir pasisir
gedhong asirap tembaga
pitung dasa kanan kering
wau ta kang winarni
baita pacalang rawuh
pangarsane sang retna
praptane samya angranji
labuh jangkar sadaya agulung layar.
14. Tinegor nora bebeya
pan dudu baita grami
palwa rajaputri Cina
prapta titinjo ngajurit
kinendelaken sami
palwane sang putri rawuh
tan ana manasika
kang prapta selur ing wuri
sangsaya gung praptane baita Cina.
15. Palwanira ingkang samas
prapta ngebeki pasisir
lan kang satus pitung dasa
baitaning pra dipati
mager-sari salatri
palwa kapal pitung puluh
layar cindhe sadaya

pangsi abang pangsi kuning
praptanira neng pakuwon Parangjara.

16. Tulya śri dadya tontonan
sapraja samya miyarsi
miwah barise wong Arab
sadaya samya ningali
ing Yujana Medayin
wurahan kadya susulung
jejel aneng muwara
mangkana sang rajaputri
kinaryakken pasanggrahan sampun dadya.
17. Winates kinori tundha
ajidar sangkelat wilis
winaton sangkelat jingga
pinalisir sutra kuning
palisirira sami
rininggit kinayu apu
wiwara catur tundha
sinung paseban mangapit
kang kinarya sangkelat wunggu diwangga.
18. Rinakit pura papara
kang minangka pager bumi
motha methu pala gajah
dene kang sangkelat wilis
kang minangka cepuri
pakuwon para tumenggung
pan sami pala gajah
ing ngarsa pakuwon patih
ya ta wau sang rajaputri wus mentas.
19. Lawan saparekanira
singgahane amberangin
wong ingkang ndudulu tebah
kang tan purun kesah tebih
ndhodhok tumungkul siti .

ingindhangan samya mungkur
kang mopo jinemala
sinampe gandhewa gadhing
mring parekan dthomas kang cinara priya.

20. Wus prapta pura wangunan
pakuwon sang rajaputri
swaraning wadya gumerah
gemelanira ngrarangin
katata enggon sami
saruni salompret barung
kalataka sauran
barung lan masbun swareki
wus apasang papanjeran tunggul pita.
21. Ngapit kori jawi pisan
mangkana Sang Rajaputri
nimbali Rekyana Patya
wus prapta ngarsanireki
dinangu ing pawarti
Kyana Patih awotsantun
inggih sang Kakungingrat
wonten nagari ing ngriki
wadyanipun kadya wutahing samodra.
22. Wonten dhusun Mandalika
Wong Agung Surayengbumi
saking ngriki kawan dina
balanipun angebeki
kang katingal puniki
pakuwon kadya wana gung
tinon lir wukir sasra
pasanggrahaning para ji
pan punika watese kang pasanggrahan.
23. Ature telik kawula
punika nateng Biraji
sapanekar ratu dthomas .

tepung lan rejang Ngabesi
cacahing pra dipati
para nata pitung ewu
wadya tanpa wilangan
bala Ngabesi Biraji
won-awone punika ratu wadana.

24. Kang katon celak punika
Kunawar Sri Narapati
kalawan Rajeng Kuristam
punika kang denteluki
dhateng bupati ngriki
ing Parangjara pukulun
punggawa ing Yujana
pabeyan sagung pasisir
sampun anut dhateng Sang Rajeng Kunawar.
25. Pukulun abdi paduka
inggih pun nakoda Bing Sing
kula ken lajeng sandiya
mbekta dagangan pra sami
amanggihana gusti
pun Amir Jes kadangipun
lulurah upacara
wong Cinane Jayengmurti
kalih lekha kang kinarya upacara.
26. Pukulun pun biyung emban
Siwangsiwung sampun tebih
pakuwonipun nunggila
inggih lan kawula gusti
ngandika rajaputri
iya nunggal sireku
manawa ana prapta
anake nangkoda Bing Sing
atemua lan si emban rada kiwa.
27. Lan wa Patih undhangana

iya kabeh bala mami
aja na ingkang sajarwa
ing pratingkah ingsun iki
misuwurena sami
sun nonton wong aprang pupuh
sandika Kyana Patya
wuwusen nakoda Bing Sing
sampun prapta pakuwone kadangira.

28. Amir Jes lurah patayar
rinankul nakoda Bing Sing
sukur sira milu prapta
bali umiring ing gusti
wingi rajeng Biraji
tur uninga mring Wong Agung
Parangteja yen ana
palwa Cina akeh prapti
tutungguling lampah putrining narendra.
29. Ingsun matur ing bendara
Wong Agung Parangtejaki
sun amit arsa leledhang
pasthi yen dipunlilani
adate kangjeng gusti
agati yen ana laku
malah sok namur lampah
niteni sagung pakarti
sigra manjing pakuwon ing Parangteja.
30. Kapanggih neng pasanggrahan
Wong Agung ngandika aris
Amir Jes apa na karya
dene ta gati sireki
umatur awotsari
atur uninga pukulun
amba arsa leledhang
inggi dhumateng pasisir
amanggihi kadang saking nagri Cina.

31. Amir Jes ingawe ngiwa
sira pa bisa ngalingi
sun namur milu ing sira
lah apa gawene ugi
putri Cina kang prapti
gelar sapapan prang pupuh
ana wadine baya
lakune ingsun watawis
marmanipun Amir Jes sun arsa wikan.
32. Amir Jes umatur nembah
inggih yen sampun ping kalih
punika sakarsa tuwan
kawula yen sampun panggih
lan sanak amba sami
kadi yen saged pukulun
mbekta paduka namar
Wong Agung ngandika aris
iya bener lakunira densarkara.

**9. AMIR JES DIPUNWEDHARI WAWADOSIPUN
PUTRI CINA**

DHANDHANGGULA

1. Putri Cina iku pan prajurit
wus misuwur jana pramudita
linuwih kadigdayane
manawa praptanipun
neng Yujana dipunsuruhi
marang si Kewusnendar
apa wadinipun
Amir Jes matur anembah
kadi boten makoten praptaning gusti
Wong Agung angandika.
2. Witne lamun tan mengkono ugi
sangsaya jero semune iya
putri Cina ing lakune
anggonen kudaningsun
anganggowa cara bupati
lan sira totoponga
anganggowa payung
aja anganggo patayar
mung kancamu telung ewu aja luwih
kang busana patayar.
3. Lawan sira sun paringi abdi
satus iku wong Rapli sadaya
dadiya baturmu dhewe
mangka upacareku
sawatara kaya bupati
anggawaa ampilan
ing sapantesipun
Amir Jes matur wotsekar
mila angger paring kamulyan samangkin
amba dereng kantenan.

4. Angandika aja walang ati
demi ingsun iki pan kawasa
aniksa myang ngganjarake
saabdine Wong Agung
ing kang ala lawan kang becik
kang nistha kang utama
prayoga ing laku
Amir Jes nuhun tur sembah
lengser prapta panggih lan nakoda Bing Sing
lajeng siyaga budhal.
5. Kuda tigang ewu kang piniji
patayar Cina saha busana
kang sarwa mas panganggene
ing marga tan winuwus
praptanira pinggir pasisir
anjug kang ambekta
Bing Sing wismanipun
wus tundhuk lawan Apatya
ingaturan Amir Jes pan wus apanggih
lawan papatih Cina.
6. Langkung gupuh rekyana apatih
katamuwan wong Cina Kuperman
upacara kabupaten
wantu jinis puniku
kyana patih datan kuwatir
anglairaken basa
ing wawadosipun
saniyate gustinira
pun Amir Jes sukeng tyas awor prihatin
ature mring ki patya.
7. Sukanipun kalangkung prayogi
mendah agenge manah kawula
dene kang dados susahe
jeng gusti watakipun

lamun lagya yun-yunan jurit
tan wonten kang kacipta
amung mengsahipun
tan tolih liyaning aprang
yen pinaripeksa atemahan runtik
tan kenging ginagampang.

8. Kula atur prasetya ki patih
aran inggih tuwan sami bangsa
ujar rahayu temahe
jeng gusti praptanipun
wonten ngriki sinangga runggi
gusti wingi ing karsa
lumampah anamur.
mariksa prajurit Cina
ingkang atur uninga nateng Biraji
praptane wadya Cina.
9. Nyalawadi sakaprabon jurit
mila gusti kula kang taruna
Wong Agung Parangtejane
dene gusti kang sepuh
pan Wong Agung Surayengbumi
pan boten munasika
sabarang pakewuh
amung kang rayi punika
Arya Maktal undhagi pratameng repit
pratingkah mumungsuhan.
10. Inggih kadi boten wande benjing
namur anilib gusti kawula
Wong Agung Parangtejane
Kyana Patih lon muwus
anak dipun eca alinggih
kula marek Sang Retna
Patih gya lumebu
sapraptanireng ngayunan

nembah matur pukulun pun Bing Sing prapti
kadangipun binekta.

11. Pun Amir Jes ingkang anglurahi
patayar Cina wong upacara
Cina rong leksa Amir Jes
punika lurahipun
langkung eram kawula gusti
lulurah upacara
inggih wawatipun
sami lan bupati Cina
panganggene saput ranti tigang kethi
totopong aperemas.
12. Intene topong mitulas sisih
sami inten regi ngalih belah
inggih gusti saselene
rencange tigang ewu
upacara kadya bupati
Sang Retna angandika
Bapa den agupuh
reyal sakethi paringna
lan wekasen den bisa amirapeti
amrih samuning lampah.
13. Pun Amir Jes sapawartineki
katur sadaya marang Sang Retna
suka Ki Patih gya lengser
prapteng pakuwonipun
sinungaken reyal sakethi
anak ingkang timbalan
den bisa anamun
sarehe gustimu kana
sira nuli njawila marang ing mami
Ki Patih sung pratela.
14. Ki Amir Jes sigra anulisi
cacache sagung prajurit Cina

mantri miwah punggawane
lawan parekanipun
pan sadaya kawrat ing tulis
Amir Jes amit budhal
Sang Retna mring panggung
ndulu solahé wong Cina
kang kaabdi marang sang Surayengbumi
eram dennya tumingal.

15. Lawan katon pakuwon bala Mir
ingkang celak lan ing Parangjara
pakuwon kang urut lepen
kambah tyas kapingrangu
rangu-rangu ngarang ngranuhi
wirangrong karungrunan
kumilat malat kung
sang retnayu rawat waspa
kayaparan margane ingsun kapanggih
lan Wong Agung Kuparman.
16. Bajing rekta sasaneng wanadri
larang temen Wong Agung Kuparman
padma kang terus tarate
kamisasaten ingsun
baya ikan sinapit-sapit
paran age panggih
dhuh lae Wong Agung
gunung geseng ing Munajad
tresnaningsun tan ana kang ngudaneni
dhuh sang Surayengjagad.
17. Puspa ranu watesing pamilis
kaya ngapa pethaning sarira
ing pratingkah wekasane
pinguling tyas Wong Wong Agung
mati ngenes baya makmami
sutajeng ima arda

Wong Agung ngendhanu
swara sasmita rekasa
nora kena jinadha-jadha ing kapti
dhuh sang Jayengbuwana.

18. Pandaming rat diwasaning bumi
serenging tyas badan malih rengka
peksi langking sasmita weh
kedhandhangan wakingsun
nguladara marang Kuwari
byating turidasmara
wfyoga angayuh
prapteng nagari Yujana
kena ngengleng nglanglang nginglung anglalangi
rumaras ngarawistha.
19. Kalimput ing asmara wigati
kagagas-gagas raga keragan
gora reh gencing wirage
Wong Agung kyeuh anggungung
nglalana prang anglalanangi
kasub kaonang-onang
dibyeung satru mungsuh
amuter rat pramudita
putri Cina neng panggung tumurun aris
mujung ing pasareyan.
20. Tan winarna lampahira prapti
pun Amir Jes lajeng mring ngayunan
Wong Agung Parangtejane
surat pratela katur
wawadose praptaning puri
cacahing ulubalang
saprajuritipun
Arya Maktal sukeng driya
wus ngawruhi ing reh kang anyalawadi
serat wus katupiksa.

21. Kuneng Wong Agung Surayengbumi
duk siniweng sagung para raja
neng tarub wangunan andher
pra dipati supenuh
ulubalang satriya mantri
Wong Agung Parangteja
kang tansah neng ngayun
lan Dipati Tasikwaja
rajeng Selan miwah sang Prabu Kohkarib
Yunan ing Rum lan Kebar.
22. Rajeng Kangkan Kuristam Biraji
Ngabesi Kaos lawan Tursina
Kuwari Kandhabumine
ratu wadana ngayun
sapanekarira neng wuri
munggeng kursi sadaya
ratu wadana gung
neng wijohan paloretna
neng amparan wilis sang Surayengbumi
alon dennyng ngandika.
23. Heh yayimas Parangteja lami
praptaningsun neng nagri Yujana
urung pratandha karyane
Arya Maktal wotsantun
inggih sedheng anonjok tulis
sampun atilar cara
kramaning wong agung
sang Jayengmurti ngandika
kakang Abas nulisa parikramaji
tunggul panantanging prang.
24. Menak Abas sigra anunulis
wuryaning srat kang tunggul panantang
datan adangu dadose
sinaosaken sampun

katur sigra sang Jayengmurti
anuduh kang dinuta
ratu kaduk purun
ing Kangkan sang Raja Ukman
lumaksana mring kitha ngembani tulis
mbekta kuda saleksa.

25. Tan amawi wong dharat sawiji
upacara sanginggil turangga
miwah wau panongsonge
mantri topong mas sewu
kang njajari serat neng ngarsi
amandhi lembing cacap
prawira nung-anung
rong ewu wurining serat
mantri topong suwasa sinilih asih
sadaya mandhi gada.
26. Sinongsongan srat patbelas sisih
ginarebeg prawira angayap
Raja Ukman neng wurine
adhangah apapayung
samy munggeng nginggil turanggi
nitih turangga pethak
ageming prang pupuh
anama pun Simbarmega
ratu anom tatag prawira ngajurit
sri Ukman Ibnu Bahram.
27. Wadya tigang ewu magersari
utameng baris datang sumelap
rempeg tan ana moncole
ing marga tan winuwus
pasanggrahan Yujana prapti
geger praptaning duta
katur ing sang prabu
Kyana Patih Jawiarta

wus anuduh methuk punggawa kakalih
mundur siyaganira.

10. PRABU KEWUSNENDAR TAMPI SERAT PANANTANG

DURMA

1. Kawuwusa Sri Bupati Kewusnendar
enjing miyos tinangkil
munggeng pasanggrahan
aglar prawiranira
punggawa satriya mantri
myang ulubalang
punggawa para aji.
2. Amalatar munggeng taratag wangunan
lan prabu ing Medayin
wus lunggyeng ngamparan
lan Prabu Kewusnendar
Patih Bestak jajar linggih
patih Yujana
umatur awotsari.
3. Dhuh pukulun wonten raja duta prapta
saking pun Jayengmurti
naming caraka
ing Kangkan Raja Ukman
ya patih iriden aglis
mring ngarsaningwang
Jawiarta wotsari.
4. Wus kapethuk raja duta ingacaran
lajeng lampahireki
prapteng panangkilan
piyak angering nganan
sareng tedhak saking wajik
serat cinandhak
Raja Ukman pribadi.
5. Mundhi surat manjing tepining taratag
nguwuh-uwuh sru angling

heh sang Kewusnendar
den age tumuruna
saking nggonira alinggih
tinggala dhampar
Kewusnendar den aglis.

6. Anampani ing surate gustiningwang
ri sang Surayengbumi
wau duk miyarsa
sang Prabu Kewusnendar
jaja bang lir metu geni
Kya Patih Bestak
ngrarapu ing sang aji.
7. Sampun duka teka tuwan turutana
dutane Jayengmurti
sampun si saleksa
nadyan amung satunggal
dinukan mbandakalani
ngamuk satemah
yekti yen mbilaeni.
8. Sampun limrah sabalane Jayengrana
inggih nadyan satunggil
kinengken dinukan
angamuk ambek pejah
wong sakethi bobrak-babrik
kang siji waras
Kewusnendar nuruti.
9. Sigra tedhak saking palenggahanira
Raja Ukman mrepeki
ngulungaken surat
tinampan ing sang nata
Raja Ukman kinen linggih
lan para raja
Kewusnendar wus linggih.

10. mBuka serat wau Raja Kewusnendar
tembunge ponang tulis
penget suratingwang
Ambyah kang Jayengrana
Wong Agung Surayengbumi
ingkang tinitah
mring Hyang Kang Maha Sukci.
11. Bisa nglebur sakehe diyu danawa
wil ditya lan raseksi
isining Jabal Kap
tumpes kabeh suh sirna
aprang lawan ingsun dhingin
ingkang abangsa
darah Nabi Ibrahim.
12. Mijil saking Ismail turun ping sanga
tinitah jroning bumi
kakunge alaga
kasub kaonang-onang
mangka babuning wong mukmin
adana darma
prawiratameng jurit.
13. Kang sinembah dening para raja-raja
kabeh ing bawah angin
tuwin para raja
iya ing Tanah Ajam
wruhanira prapta mami
heh Kewusnendar
ana ratu Medayin.
14. Kang bibisik iya Bathara Nusirwan
iya kang ngrusak adil
tan pasthi ing ujar
kang cidra ing ubaya
sakehe praja denungsi

iku aturna
ing ngarsa pada mami.

15. Yen kalakon mangkono heh Kewusnendar
sira anemu becik
awet madeg nata
mengku nagri Yujana
heh eling-eling deneling
nateng Yujana
yen tan mangkono ugi.
16. Nora tetep iya utamanganira
aneng badanireki
kagyat duk miyarsa
sang Prabu Kewusnendar
kang serat sinebit-sebit
langkung bramantya
asru denira angling.
17. Heh muliya duta den age matura
mring gustinira Amir
kapan magut ing prang
destun temen wakingwang
atandhing prang ngadu sekti
lawan si Arab
Raja Ukman wus pamit.
18. Sareng nitih turangga sawadyanira
sarya sru denira ngling
iya wong Yujana
esuk metuwa ing prang
den padha angungsi pati
nyamethi kuda
kumerug angajrihi.
19. Sasanderan lampahé sang rajeng Kangkan
lawan sawadyaneki
tan antara prapta

pakuwon Mandalika
katur sasolah tinuding
yen Kewusnendar
kedah miyos ing jurit.

20. Angundhangi Wong Agung Surayengjagad
mring sagung kang para ji
samekteng ngayuda
wus tamtu wong Yujana
peksa umagut ing jurit
daluh bujana
Wong Agung Jayengmurti.

21. Enjingira sagung para raja-raja
samekta ing ngajurit
sigra atengara
ri sang Surayengjagad
mijil barising para ji
lir singa lodra
gumrah kendhang gong beri.

Tambur suling salompret munya barungan
puksur gurnang thong-thong-grit
prajurit Kupaerman
daledeg tan petungan
kadya ladhu banjir wukir
ngebeki papan
balabar tanpa tepi.

23. Kang wadya jro tumundhung matundha-tundha
bedhol baris para ji
marang ara-ara
pamedan Mandalika
met papan atata baris
kadya samodra
baris Arab miranti.

24. Pan anggenggeng kadi-trunaning udaya

barise kang para ji
sadaya wus prapta
ngara-ara pamedan
gora reh kagiri-giri
swaraning wadya
lir udan sinemeni.

25. Sampun mijil Wong Agung Surayengiagad
ginrebeg ing prajurit
prapteng ngara-ara
panggh baris wus tata
Wong Agung Surayengbumi
sampun alenggah
dhampar mas sosotya di.
26. Munggend ngarsa Wong Agung ing Parangteja
Dipati Guritwesi
pra ratu wadana
samy lunggyeng wijohan
pra ratu panekar wuri
saos ing yuda
sadaya munggend kursi.
27. Wau prabu Yujana miyos ing yuda
lan prabu ing Medayin
saprajuritira
muntab sing pasanggrahan
prapteng papan tata baris
tepung kalangan
mungsurowang nyarengi.
28. Swaranira kadya manengker bawana
Kewusnendar ningali
barise wong Arab
kadi samodra wutah
legeg ing tyas sri bupati
asru ngandika
ngatag prajuritneki.

29. Lah cacaken wong Arab kagila-gila
barise tanpa wilis
sigra tur sembah
ratu andel Yujana
Raja Jamsit ing Sidanti
amit umangsah
ing Gusti Sri Bupati.
30. Raja Kewusnendar asru angandika
lah iya Raja Jamsit
padha cekelana
prajurite wong Arab
saksana anitih esthi
amandhi gada
geng inggil angajrihi.
31. Tri gumuruh surak bala ing Yujana
sira sang Raja Jamsit
prapteng rananggana
susumbar nguwuh lawan
sapa kang arsa ngemasi
prajurit Arab
papagen tandhang mami.
32. Iki silih ratu andeling Yujana
Raja Jamsit Sidanti
wudhu ing ngayuda
tate nguwisi karya
wau tan betah miyarsi
amit tur sembah
sang nateng Kandhabumi.
33. Raja Samsir Ibnu Buldan wus umangsah
ingiden ing sang Amir
anitih dipangga
sarta amandhi gada
kawot sakaprabon jurit

surak wong Arab
kadya manengker langit.

34. Prapteng papan wus panggih ayun-ayunan
angling sang Raja Jamsit
heh wong Arab sapa
kang metu ing ngayuda
angakuwa mumpung urip.
sumaur sugal
sang prabu Kandhabumi.
35. Apa cadhok sira Jamsit marang ingwang
gegobogira tuli
jampeng tan miyarsa
yen Samsir Ibnu Buldan
dora sira tan udani
nora miyarsa
ing swargi Jeng Rama Ji.
36. Ratu Kandhabumi Raja Buldan tuwa
si kakang Banakamsi
sasedane bapa
kakang madeg narendra
Sidanti lan Kandhabumi
ratu macapat
Raja Jamsit nauri.
37. Kalingane sira anak Raja Buldan
ratu prawireng jurit
lah pagene sira
suwita raja Ngarab
dadi boyongan sireki
duk kakangira
jidhet aneng Medayin.
38. Kalingane sira dadi boboyongan
nungkul ing Jayengmurti
sira pan kinarya

ratu Kandhabuwana
teka saen sira iki
baya wus ilang
yuwananing ajurit.

39. Kafirare ingsun pranga lawan sira
endi si Jayengmurti
tuwin Umarmaya
tanapi Arya Maktal
pan sira ratu babayi
lan durung ana
labetmu ing ngajurit.
40. Amucicil sugal denira angucap
sang rajeng Kandhabumi
heh Jamsit prang setan
sirarsa nampik lawan
sagendhingmu suntadhahi
payo nggadaa
Raja Jamsit nauri.
41. Becik sira Samsir ndhinginana nggada
ngling nateng Kandhabumi
yen prajurit Ngarab
tan watak ndhinginana
gumuyu sang Raja Jamsit
iya den yitna
sigra amuter bindi.
42. Raja Samsir wus kudhung parise waja
sigra pinupuh aglis
jumbred lir gelap
paris mubal dahana
winales sang raja Jamsit
gada-ginada
ing prang tan tolih wuri.

11. PRANGIPUN NATA ING KANDHABUMI MENGSAH RAJA ING SIDANTI

PANGKUR

1. Surak bala ing Yujana
miwah wau bala ing Puserbumi
barung kadya wukir guntur
tan ana kang kasoran
danguning prang arame pupuh-pinupuh
anjrit dipangga kalihnya
kapadal dening panangkis.
2. Kalihe prakosanira
kinumpulken munggend ing asta kalih
aramé pupuh-pinupuh
wau parisanira
Raja Jamsit neng dipangga sirahipun
ingantep panggadanira
mring Sang Prabu Kandhabumi.
3. Jamsit parisane sigar
kambat sirah dipangga angeneni
katempuh bindi maledug
Raja Jamsit malumpat
tibanira prapteng dharat Sang Aprabu
marepeki narik pedhang
sigara Nateng Kandhabumi.
4. Tumurun saking dipangga
rema pedhang-pinedhang kang ajurit
wadya suraknya gumuruh
wong Arab wong Yujana
antuk sisih kang ayuda kalhipun
pan sami prakosanira
samyá prawireng ngajurit.
5. Satengange denira prang

salin pedhang pedhang tan migunani
agantya junjung-jinunjung
Raja Jamsit angkat
marang Rajeng Kandhabumi tan kajunjung
eram kang sami tumingal
yudane prawira kalih.

6. Wong Agung ing Parangteja
mar kumesar mulat ingkang ajurit
Arya Tasikwaja muwus
Maktal ipemu ika
ratu ladak kumethak rada kumenthus
teka nengna bae uga
aja nuli kotulungi.
7. Mesem Arya Parangteja
ngawe kuda mesem sang Jayengmurti
Yayimas ipemu iku
kenomen durung niangsa
mung kaselak kesusu bere tyasipun
mengko antinen sadhela
wau ta kang yuda kalih.
8. Sang Raja Jamsit angkat
wangkingane mring nateng Kandhabumi
jinunjung sampun kajunjung
sigra binanting kisma
gumalinting Tajiwalar prapta gupuh
papatih Kaumarmayan
analeni Raja Jamsit.
9. Binekta mundur saksana
Raja Samsir marek ing Jayengmurti
angaras pada rinangkul
wau lungayanira
ngaras ingkang embun winacakken Jabur
kasaput surya diwasa
tinetegan bedhol baris.

10. Kang aprang mundur kalihnya
amakuwon ri sang Surayengbumi
lan sawadya para ratu
ing lalu andrawina
miwah prabu Yujana bujana nutug
ing dalu andrawina
miwah prabu Yujana bujana nutug
ing dalu tan winursita
enjing anembang tengari.
11. Muntab barise wong Arab
wus arakit tatane kadi wingi
tan ana dhidhihan iku
tabet wingi kinarya
miwah bala Yujana barise metu
kepung akapang kalangan
atut pra samya wong cilik.
12. Wong Agung Surayengjagad
sampun munggeng dirgasana rinukmi
ingayap kang para ratu
aglar prajurit Arab
Prabu Kewusnendar pan sampun alungguh
munggeng amparan kancana
miwah bathareng Medayin.
13. Lenggah meru padmasana
andher ingkang prawira pra dipati
pan kadya samodra pagut
mungsuw kalawan rowang
Prabu Kewusnendar asru denya nuduh
marang Prabu Bindandara
andel sang rajeng Tarkibin.
14. Mangsah anitih turangga
sikep pedhang prapteng rana sang aji
susumbar anguwuh-uwuh
lah payo metonana

- bala Arab sapa ingkang arsa lampus
papagena tandangingwang
iki sang rajeng Tarkibin.
15. Raja Yusup Adi Kebar
datan betah miyarsa nuwun pamit
ingeden anguswa suku
mesat saking ngayunan
nitih kuda wong Arab surak gumuruh
miwah bala ing Yujana
surake mawanti-wanti.
16. Wus panggih ayun-ayunan
nateng Kebar asru denira angling
wong Yujana sapa ranmu
iya kang metu ing prang
angakuwa asru denira sumaur
ingsun Raja Bindandara
prajaningsun ing Tarkibin.
17. Sira sapa aranira
anauri sun Raja Yusup Adi
apa kang aneng sireku
lah payo lekasena
sagendhingmu ing aprang aliru pupuh
Bindandara ngikal pedhang
ngetap kuda marepeki.
18. Heh nateng Kebar den yitna
ingsun pedhang kudhunga parise wesi
nateng Kebar wus akudhung
parise gya pinedhang
sarwi senggak wong Yujana surak umung
miwah wadyabala Arab
lir gora manengker langit.
19. Pedhang manjing parise waja
patang nyari kebate Yusuf Adi

- kinipat pedhange putung
angling sang nateng Kebar
ingsun wales den prayitna sira prabu
akudhunga bandabaya
sigra sang rajeng Tarkibin.
20. Kudhung parise malela
ngetap kuda sang Prabu Yusuf Adi
sarwi ngikal pedhangipun
kinitir Bindandara
gya pinedhang sigar palih parisipun
kambat baunira pagas
niba sang rajeng Tarkibin.
21. Wong Arab surak gumerah
Raja Bindandara sampun ngemasi
Yusup Adi nguwuh-uwuh
lah payo metonana
wong Yujana sapa ingkang arsa lampus
papagena tandangingwang
iki Raja Yusup Adi.
22. Mangsah satriya Yujana
arinipun Kewusnendar narpati
kang nama Raden Bandarkung
prawira mandraguna
nitih kuda marang pabaratan mamprung
wus panggih ayun-ayunan
lawan Raja Yusup Adi.
23. Wong Yujana ranmu sapa
anauri sun arine sang aji
kang nama Raden Bandarkung
apa sira si Maktal
dudu ingsun ratu Kebar kang jujuluk
Yusup Adi mandraguna
wong Arab andeling jurit.

24. Payo Bandarkung medhanga
sigra narik pedhang radyan sru angling
den prayitna sira Prabu
ngikal pedhang lumarap
tinadhahan ing parise kebatipun
Bandarkung pangonjotira
pedhang-pinedhang atangkis.
25. Rame rok-acorok pedhang
samyas wasis pamedhang myang panangkis
sami mubeng kudanipun
kiter-kinter gantya
pangetape pareng uwal pareng gapyuk
akalang-kinalang nggennya
pareng tempuh pareng nguthik.
26. Pareng nggiwaraken kuda
nganan ngeri kang medhang ting carengkling
pan kadya kukupu tarung
tan ana kang kasoran
surak umyung samya sukane kang ndulu
kang aprang sami digdaya
dangu tan ana kajodhi.
27. Pareng mbuwang pedhangira
nyandhak rajang rajang-rinajang genti
cacap-cinacap apeluk
tan ana kang kasoran
langkung rame kang aprang kasaput dalu
tinetegan kalihira
mundur pur ingkang ajurit.
28. Yusup Adi praptanira
ngaras pada mring sang Surayengbumi
makuwon sawadyanipun
miwah kang para nata
tuwin rajeng Yujana sawadya mundur

saking rana ing pamedan
lan sang prabu ing Medayin.

29. Ing dalu samya bujana
kuneng ingkang lagya amangun jurit
gantya kawursiteng tembung
kang anggung grah asmara
rajaputri ing Cina yeka mangun kung
awirangrong karungrungan
kewran ing driya mawerdi.
30. Witning amangun sungkawa
dening aturipun rekyana patih
ngaturken wawatakipun
Wong Agung Surayengrat
yen lagya prang apan ora sigan-sigun
atebih marang wanodya
tan tolih liyaning jurit.
31. Denirarsa anjuru dang
mring Wong Agung Arab kapalang warti
tan arsa marang dyah ayu
yen lagya mangun yuda
dadya kambah ing mamala amalad kung
wimbuh ing tyas kawimbuhan
kadya kaseselan wukir.
32. Pan sampun samadya candra
neng Yujana dereng angsal aguling
tan anadhah tan anginum
mung sang Surayengjagad
kang amulet paliket aneng jajantung
karya petani panggungan
agung ninis lan anangis.
33. Kang sinambat ing wacana
mung sasambat Wong Agung Jayengmurti
dhuh lae tatanggoningsun

- dene nora kayaa
angel temen ing paekane Wong Agung
paran ingkang dadi marga
tuluse ingsun apanggih.
34. Turangga pangirid rata
wuryaning kang baris rusaking jurit
iang tyasingsun remak-rempu
kawratan ing kung rimang
apa ingkang dadi usadaning wuyung
Wong Agung Surayengjagad
bisa weh lara wiyadi.
35. Diwasaning diwangkara
unggahing kang sayuta wong amilis
tan gumingsir ciptaningsun
malah sangsaya ndadra
enggoningsun angestupada Wong Agung
dening rondhoning tilarsa
ing tyas datan kena ririh.
36. Praja gung saloring Esam
yen luputa sire tyasingsun iki
lepiyan nir sunggingipun
pasthi yen leleburan
nora sae mulih mring Cina wakingsun
luputa karon asmara
lan Wong Agung Jayengmurti.
37. Endi margane weh papa
dening apa tan panggih neng prajeki
teka katemu ngalurug
mangkat saking Kubarman
sapa ingkang gawe beka lakuningsun
apa ta si Raja Kemar
witing karya lara brangti.

12. PUTRI CINA PASANG GELAR

ASMARADANA

Nimbali Rekyana Patih
sapraptanireng ngayunan
angandika Sang Lir Sinom
Bapa Patih oleh warta
ing pabarisan kana
Kyana Patih nembah matur
inggih sampun campuh ing prang.

2. Kalih ari denya jurit
sami angaben punggawa
wong Yujana prajurite
satunggal ingkang palastra
satunggile kabanda
sabalane Jayengsatru
sami prawira digdaya.
3. Ngandika Sang Rajaputri
Bapa paran raganingwang
lamun aweta mangkene
Kyana Patih matur nembah
Gusti kadya punapa
Wong Agung Anjayengsatru
dene saweg andon aprang.
4. Ewa makaten ta Gusti
punapa karsa Paduka
dening nguni pun Amir Jes
sampun ngaturaken watak
tatekon raja Arab
lamun tinerak puniku
yekti lamun kaputungan.
5. Lampah Paduka puniki
luput pisan kena pisan

lamun tyas tuwan nggerenteh
bokmanawi katiwasan
sang retna angandika
witing meneng awakingsun
agawe salah grait.

6. Karsaningsun iki Patih
iya gawe samudana
karya abang-abang lambe
sun gawe dora sengara
iya sun atur surat
marang sang prabu Medayun
amidora ngamandaka.
7. Api-api sun ngunggahi
yen uga Prabu Nusirwan
anemeni panganggepe
kudu ge-age panggiha
iya lan raganingwang
sun anjaluk pejahipun
Wong Agung Surayengiagad.
8. Iya Menak Jayengmurti
mangsa ta iku kalaha
sedheng sampurna yudane
nuli ingsun atur surat
marang sang Kakungingrat
mratelakken lakuningsun
awit saking mula-mula.
9. Kya Patih matur wotsari
yen makaten karsa Tuwan
sumangga Gusti nah angger
Sang Retna sigra nunurat
dadya sinungken duta
sarta atur pakikintun
busana endah ing Cina.

10. Mantri kakalih tinuding
marang jro kitha yujana
datan antara lampaha
prapteng pakuwon Yujana
lajeng mring pakuwonnya
Patih Bestak kang jinujug
matur duta saking Cina.
11. Lan seratira Sang Putri
kang badhe matur Sang Nata
lawan sapakikintune
katur Sang Prabu Nusirwan
sigra Ki Patih Bestak
marek ing ngarsa Sang Prabu
. sapraptanireng ngajengan.
12. Ngaturaken surat saking
sang rajaputri ing Cina
sarta lawan kikintune
busana endah ing Cina
serat wus tinampenan
binuka tembunge ayun
amawongan anjuru dang.
13. Kagyat sang prabu Medayin
sumuking yas mijil suka
heh Bestak kapriye kiye
iki rajaputri Cina
prapta arsa mawongan
Patih Bestak nambah matur
pukulun begja paduka.
14. Tengunipun kang anjawil
inggih Hyang Latawal Ujwa
punika kang pering jodho
putri sekti mahabara
kasub kaonang-onang

pilih boboting prang pupuh
kathah narendara kuciwa.

- 1 . Iki patih sun wangsuli
sartane pakirimingwang
iya kang raja kaputren
ing ngendi nggone ngupaya
ingsun pan nora nggawa
Patih Bestak aturipun
inggih paduka utusan.
16. Dhateng Kugarman nagari
punika kang ragi celak
Medayin sanget tebihe
putra tuwan sang lir retina
Marpinjun kang kagungan
puniku paduka pundhut
Prabu Nusirwan ngandika.
17. Ing Kugarman iya tebih
amrih ingkang pedhak pisan
iya kang gelis praptane
marang Kuwari nagara
mbok mantu karo pisan
pasthi anggawa puniku
sira Bestak lumakuwa.
18. Mring pakuwon Arab bengi
metuwa si Kakungingrat
sun nyelang raja kaputren
den age nuli praptaa
mbok mantu karo padha
kang aneng Kuwari iku
salah siji denpundhuta.
19. Lah kapriye sira Patih
apa rembug apa ora
yen mangkono karsaningong

Patih Bestak matur nembah
inggih sumanggeng karsa
lamun nyambuta pukulun
dhateng Raja Kewusnendar.

20. Sayekti awon kang warni
mangsa inggih nyamenana
dhapure raja kaputren
wangun Medayin lan Arab
sami punjul sajadad
inggih amba mangke dalu
dhateng pakuwoning Arab.
21. Dutane sang rajaputri
kula ken mantuk kewala
benjang paduka akengken
dhateng pakuwoning Cina
kya patih nembah medal
mantri duta Cina sampun
kinen mantuk kalihira.
22. Pinaringan sangu sami
mantri kalih tigang leksa
sarta lawan pangadege
wus mantuk carakeng Cina
wau Ki Patih Bestak
mangkat pukul pitu dalu
mring pakuwon raja Arab.
23. Tanpa rowang mung kakalih
njujug Arya Parangteja
pinanggih aneng pakuwon
gupuh wau Raden Maktal
sinapa kinen lenggah
dhuh paman anjanur gunung
umatur Ki Patih Bestak.
24. Inggih angger wonten kardi

- ingutus rama paduka,
anambut raja kaputren,
dhateng raka jeng paduka,
inggih kangjeng bendara
Maktal angling ndaweg laju
sowan dhateng pasanggrahan.
25. Nulya lumampah wong kalih
sapraptanireng ngayunan
ngandika Jayengpalugon
heh Patih apa na karya
daluh panggih lan ingwang
Patih Bestak awotsantun
ingutus rama paduka.
26. Maringken kang salam taklim
kaping kalihe dinuta
anambut raja kaputren
pan inggih karsa putusan
dhateng nagri Kubarman
tebih rama tuwan emut
yen kang putra kalih pisan.
27. Wonten nagari Kuwari
putra Prangakik Karsinah
sinambut salah sawiyos
iya Patih aja susah
apa ngenteni sira
yen mantumu kang lumaku
Kuwari dharat sawulan.
28. Layarane pitung bengi
pan sadina bae prapta
lah iya matura bae
marang kangjeng panembahan
mbesuk daluh praptanya
iya nuli banjur katur
Patih Bestak nambah mesat.

29. Saking ngarsanya sang Amir
tan cinatur lampahira
mung kalih ejam praptane
lan tigang menit punika
panggih lan Sri Nusirwan
wus katur sasolahipun
nalikanira dinuta.
30. Kuneng kang winarna malih
saungkure Patih Bestak
Wong Agung Jayengpalugon
animbali Umarmaya
prapta alon ngandika
kakang lumakuwa gupuh
marang Kuwari nagara.
31. Temu lawan yayi dewi
Parangakik lan Karsinah
pundhuten raja kaputren
ya gawanen karo pisan
besuk esuk praptaa
panembahan ing Medayun
kang nyelang prelu karsanya.
32. Mau si Bestak kang prapti
angling Arya Tasikwaja
heh Maktal sapa bature
nauri mung loro kakang
katelu Patih Bestak
Umarmaya mesem muwus
kaangguraken kewala.
33. Nora sira kendhaleni
mungsuw rusuh anyenyelang
mau yen weruha ingong
sun langekaken sadhela
kono ngisor gedhongan
sun gandhen untune telu
dimen mulih gobrah-gobrah.

34. Punapa pinundhut malih
boten wonten ingkang liya
inggih mung raja kaputren
Wong Agung alon ngandika
kakang wus nora nana
Marmaya lengser wus metu
gambuh sapraptaning njaba.

13. MARMAYA KAUTUS MUNDHUT RAJA KAPUTREN

GAMBUH

1. Anampel wentisipun
mumbul telung dhepa pesatipun
kadya kilat Adipati Guritwesi
cumalorot lampahipun
kadya lintang ngalih enggon.
2. Sumiyut lir marucut
Kuwari layaran pitung dalu
tikel pitu kalawan lampahing angin
akebat Umarmayeku
lampahé saking pakuwon.
3. Pan ing pukul sapuluh
abering lampah gya nampel pupu
ing satengah nem esuk prapteng Kuwari
langkung ngantep lampahipun
lajeng tumameng kadhaton.
4. Putri kalih wus pangguh
Retna Sudara tatanya arum
miwah sira Retna Sirtupelaheli
kakang gati lampahipun
Umarmaya sigra·lunggoh.
5. Pan inggih ngong ingutus
mundhut raja putren kalihipun
Sri Nursiwan owah-awih kang anyilih
wikana ing karsanipun
kadi kadi lamun gatos.
6. Kinen tulak katengsun
sang rajaputri kalih gya mundhut
kaputrene wus kasrah Umarmayeki
winot ing kakandhi sampun

winot ing kakandhi sampun
pukul pitu amit miyos.

7. Praptaning jawi sampun
kaping tri denya anampel pupu
sangsaya sru pesate Umarmayeki
pan ingantep mamprung-mamprung
kadya thathit cumalorot.
8. Sapraptaning wana gung
pojoking wana pan ana gunung
gunung alit ana wite nagasari
asingub ngaubi gunung
ana swara nguwoh-uwoh.
9. Angandheg lampahipun
Umarmaya mandhega karuhun
sang Dipati Tasikwaja anauri
beka wong apa sireku
angandheg ing lakuningong.
10. Manungsa pa lelembut
aja sudi gawe lakuningsun
laku gancang lagi kinongkon ing gusti
heh mandhega Marmayeku
ingsun tan kena pinopo.
11. Lah mandhega sireku
Marmaya maras anulya wangsul
tinggalane ana jalma kaki kaki
heh Marmaya wruhanamu
iki maselat kinaot.
12. Kendhang Iskandar iku
iya ingkang arupa ketipung
tinggalane Sultan Seh Dul Karnaeni
kang ngadhaton ing Kistambul
ratuning jagad kapindho.

13. Kang dhangin Jeng Nabi ku
Nabi Suleman jagad kang mengku
pindho wali Sultan Seh Dul Karnaeni
Raja Iskandar puniku
ratuning jagad kinaot.
14. Ya iku kendahngipun
yen Sultan Iskandar ambuburu
dene mengko karamate iku maksih
ginadhuhken ing sireku
warisna kang bakal nganggo.
15. Wruhanira ing mbesuk
Sayidin Ambyah Wong Menak iku
ilang pindho ana panglurugan mbenjing
atinggal baris wadya gung
karsaning Hyang ana nyolong.
16. Nanging tan sangsayeku
mung karya prihatining wadya gung
iki emeh ilange atinggal baris
aprang Yujana puniku
kapindhone maksih adoh.
17. Prang Purwakandha mbesuk
ilange iki adegna pungkur
iya Raden Jayusman ibu Prangakik
sadhela adegna ratu
kendhang warisna ing kono.
18. Dadi panetepipun
prihatine mbesuk kang wadya gung
tanpa budi labete kelangan gusti
yen prang kendhange tinabuh
kابه tyase padha wuwoh.
19. Gambira suranipun
iya sawabe kendhang puniku

ngilangaken uwas anglebur prihatin
ati santosa kang thukul
padha ngajap aprang popor.

20. Kendhang Iskandar iku
mara nuli ambilen den gupuh
kang gumandhul aneng pangging nagasari
Marmaya sigra wotsantun
kendhang Iskandar ginayoh.
21. Winot kakandhi sampun
kaki tuwa musna tan kadulu
Ki Dipati Marmaya eram ningali
sigra nampel wentisipun
sebut lampaha sinerot.
22. Anguwuh kesitipun
mung sapisan denya nampel pupu
rikatipun sayektirikat ing mangkin
Umarmaya cipteng kalbu
sawabe si kaki dhaplok.
23. Wuwuhe rikatingsun
saking barkahe si kaki pikun
tan kawarna lampaha Yujana prapti
pukul satengah nem rawuh
lajeng tumameng pakuwon.
24. Kagyat Wong Agung ndulu
sinapa sokur padha rahayu
paran ingkang padha kari neng Kuwari
matur wilujeng sadarum
kalihpun sang lir sinom.
25. Tuwin sadayanipun
garwaning kang para ratu-ratu
datan wonten pakewed samya basuki
raja kaputren wus katur
Wong Agung ngandika alon.

26. Kakang becike iku
sira banjura aturna gupuh
iya marang Sri Bathara Nyakrawati
yekti lega galhipun
Umarmaya matur alon.
27. Duk aneng ing wana gung
kendhang Iskandar wirayatipun
katur kabeh miwiti malah mekasi
langkung sukeng tyas Wong Agung
gya ngadeg saking ing enggon.
28. Angangkat astanipun
sigra maos kang donga asokur
subhanallah wabbihakki kaomihi
Marmaya sawusnya matur
medal agandheng pakuwon.

14. MARMAYA NGATURAKEN RAJA KAPUTREN

KINANTHI

1. Ing wanci pukul sapuluh
Adipati Guritwesi
lajeng marang pasanggrahan
nira Prabu Nyakrawati
kagyat praptane Marmaya
Nusirwan kapanggih linggih.
2. Dumrojog tan ana weruh
praptane ngarsa Narpati
sinapa na karyanira
Umarmaya angungkabi
raja kaputren kalihnya
Marmaya rinangkul aglis.
3. Linggiha ta putraningsun
aja doh kalawan mami
apa sira lagya prapta
dinuta saking Kuwari
mara kulup angombeya
omben-ombeningsun iki.
4. Iku kerikan jumeratu
lan kerikaning widuri
tuwin kerikane mirah
sun banyoni puhan sapi
wateke wet anom kuwat
Umarmaya nginum aglis.
5. Kang raja kaputren katur
tinampen rajeng Medayin
dene iki rong kembaran
pan ingsun mung nyelang siji
matur Raden Umarmaya
bilih amindho gaweni.

6. Sinawang nenetranipun
Nusirwan mesem lingnya ris
nora sisip tangguhingwang
raja kaputren sabumi
lah iya mangsa miriba
wangun Arab lan Medayin.
7. Heh Marmaya iki ewuh
iya endi kang prayogi
salah siji pilihana
iya kang mbabar pisani
ika karo mantuningwang
mbok Karsinah Parangakik.
8. Umarmaya nembah matur
kang badhe tuwan paringi
ginambar pasemonira
dedegipun winitawis
lencir kalawan pideksa
yen alencir sami lencir.
9. Kadya ta priyayi luruh
ngagem anggen-anggen iki
inggih priyayi mberanyak
sayekti siyak asongling
kadi priyayi pideksa
ngangge darbeke wong lencir.
10. Nadyan samiya gengipun
sedheng tan kadi nyinyilih
mamanise kang busana
utawi sedhepe sami
nanging respatine kirang
sinawang dangu katawis.
11. Menggah punika Pukulun
kang badhe tuwan paringi
lamun dedege pideksa

putra tuwan Parangakik
Sudarawreti pideksa
manawi dedege lencir.

12. Putra tuwan Ni Rabingu
nenggih Sirtupelaheli
punika tuwan paringna
ing dedege anyameni
gumujeng Prabu Nusirwan
